Сэ сызэреплъымкIэ, абы щеджа иЛъэсхэм Хьэмид гунтI-щхьитIу щытагъэнущ. Зэчиишхуэ зэрыбгъэзэльыр пасэу къэзыгъэльэгъуэ щIалэщIэр зэхуэдэу дахьхьыр литературэм. ИкIи занщIэуи жытIэфынущ а псоми зэрыпльэсыфар. 1960 гъэм Кьэбэрдей-Балъкъэр журналистиутетыр кьыуха иужь, илъэсиищ хуэдизкIэ «Ленин гъэгъу» газетым щылэжащ, аспирантуэр кьыхэри, литературэ хъхъутэныгъэ IэнатIэм кьууэ зэритым нэхъ кьищтати, «Iуащхьэмахуэ» журналым и кьудамэм и унафэщIу кIуащ. 1972 гъэм абы и редакторэ нэхъыщхьэу зэрэгъуащ, ильагъуIэ а кьуькьыр зэрихьэ иужь, нэхъ жэуапльныгъэщхуэ зыпыльэ IэнатIэ кьыхуагъэфэщащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу зэрэгъуэри, щIIэрэ щIыхьрэ иIэу гъэгъущIагъэ кьэсыхуэ я лъэкIыгъэм тепрагащ. Дэ псоми фIыуэ дощIыж блэкIа лъэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухыр. CCCP-р щыльэхъажьну зэманыр къэблэгъат. Кьэралым щекIуэкI Iуэхуэхэмрэ щыжаIэкэмрэ шурэ пъэсрэ я зэхуакуу зэщхьэщыкIат. Щхьэж зыхуейр ищIэу кьыIэхэнат. Ар иту техуэнутэкъым хабзэмрэ нэмысымрэ щIапIыкIа, гъэпцIагъэ гуэри зыхэмылъ Кьэрмокъуэ Хьэмид. Аращ хэт кьелъэIуми хуимыдэу и кьулыкъ щIэтIащ. Жыжьи кIуакъым - я ГъэщIэгъэ дыдэм редакторэ кьызэрыгуэкIыу лъэкъэн щыщIидзащ. IэмкIэ, апхуэдизкIэ щIыкIэм тету хъхъуа дерсхэм я мыхъэнэнэщхуэ яIэщ еджакIуэхэр езыр-езыру лъэкъэфу, кьызэджахэмрэ зэхахарэ ятхыжьу, абыхэм гупсысэ нэхъыщхьэр кьагъэтыфу есэнымкIэ, езыхэм я дуней епльыкIэми адэкIи зауэжьнымкIэ. А лъжьыгъэхэм ныбжьыщIэхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм я еджэкIэ мардэхэм пэгъунэныгъэ ищI кьудейкъым, атIэ кьапэщIдзэ балигъ гъащIэми хуегъасэ, хуегъэзхьэщыр.

Дерс зэхуэмыдэхэм Iэмал нэхъыфIхэм егъэджакIуэм хеIыгъэ урок нэхъжь лэжьыгъэхэр, ар сыт щыIэ щIэхэрэ пэджэжу кьефъэсэбэп. АпхуэдизкIэ, псалъэм пащIэ, литературнэ щыIэхэщхьэхэм, тхыльеджэхэм я зэIущIэхэм, кружокхэм я лъжьыгъэхэм, диспутхэм, конференцхэм я сценариухэр. Мариеи апхуэдэ кьэхуэтныгъэхэр еджакIуэхэм я зэхуэсхэм щызэIэпах, езыри иригъэкIуэкI «мастер-классхэмкIэ» ядогуашэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыувагъащIэ IэщIагъэхIэм.

Хэкупсэ лъагъунытгъэр сабийщхэм зыщIэсыпIгъэушин, абы и IэфIагъыр ныбжьыщIэхэм захриигъэщIэн папщIэ, Марие и гъэсэнхэр куэдрэ ешэ театрхэм, музейхэм, республикэм и щIыпIэ гъэщIэгъэнхэм. ЕджакIуэхэм нужькIэ ятхыж ахэр кьаэрыщIыхьэуам теуХуа сочиненэхэр. Апхуэдэу бзэм, литературэм егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр нэхъыри дриГъэхъэхэм мурадкIэ Марие кьегъэсэфэп ди къуэш Къэрэшей-Шэрдж эс Республикэм щыщ Алибердыкъуэ кьуахэм дэт курыт школым анэдэлъхубзэр щезыгъэджэжьа япыщIащ, я Iуэху еплъыкIэрэ лэжьыгъэ уахуэкIэмкIэ зэдэгущIэу зэрыщIытри.

ЩIэблэм щIэныгъэ куу яIэным, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъым хуоладэ жьэ Марие и дэтхэнэ Iуэхури. Ар ильэс тIощIым щIигъукIэ и ичфэщIащ Шэджэм куейм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж IэщIагъэ зэрыгъэзэжьэ я методикэ зэгухьэныгъэм. ЕгъэджакIуэм куэдрэ иригъэкIуэкI практикэ, теорие семинархэр. Лэжьыгъэ IуэхукIэ я дзыхь кьаръэзу, республикэм и егъэджакIуэ куэд Марие и дежкIэ кьокIуалIэ, дэIэпыкъуэгъу лъыхъуэу. Дапщэщи Дыщэкъым гулъытэншэ ищIыркъым абыхэм я упщIэхэр - жуэап пщэIи, я купщIафIэ ярет.

А псоми кьагъэлъагъуэ «ЦIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъагэр икIи лъэпкъ Дыщэкъ Марие хуэфащэ дыдэу кьыхэр рифаIащэр икIи ар игъэпэжу абы зэрыцэрихьэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм хуэкIуэнур фIыгъуэ мыIыхьэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Адыгэ къудамэм и унафэщI Тымыжь Хьэмыщэ

"Зыщыфым ещIри, зымыщIыфым егъэлуш зэрыщIын хуейкIэ" - жиIэгъащ тхакIуэшхуэ Шоу Бернард. Журналист, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, тхакIуэ икIи зэрэзекIакIуэ Тымыжь Хьэмыщэ щIэрыIуэ зыщIар а Iэнатlэ псоми фIыуэ зэрыхущIыкIырщ. Ар зыщымыгъуаэзэм зэи тепсэлъыхьыныкъым, ауэ ящIэмкIэ хэти дэгуэшэну хьэзырщ.

ДЖЫЛАХЪС ТЭНЕЙ и уейм и кьуажэ пхыдзам кьыщалъхуа икIи кьыщыхьуа Хьэмыщэ зэи зытемыкI хабзэ и Iэжщ, мы гупсысэм тещIыхьауэ: «Ари сэ схуэдэ цIыхуп. Абы щыхуэзэфIэкIкIэ, сэри схуэзэфIэкIын хуейщ». Абы сыт щыгъуи и гъуазэщ зыпэрыт IэнатIэм - едэжнми лъэжьнми - екъулIэхэр. Арагъэнщ езыми и мурадыр кьыщIехьулIэр. Курп Ипщэ (Исльэмей) школыр "тху" защIэкIэ кьэзыуха щIалэм хуэзIухэт еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым я бжэр. АрщхьэкIэжурналистIэщIагъэм дихьэха ныбжьыщIэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и адыгэбзэ кьудамэм щIэтIысхьащ. ИльэситI нэхъ дэмыкIыу Iэмал хъарзынэ кьыхуукъуэкIащ: Тымыжькъыр Москва Ломоносовым и цIэр зезыхъэ университетым журналистикэмкIэ и факультет цIэрыIуэм и студент хъущ. Гоголь и стипендиер кьыхуагъэфащэу фIыуэ еджащ.

Москва и еджапIэ нэхъыщхьэм и диплом зиIэм и Iуэхур а зэманым нэхъ тынШт: Хьэмыщэ лэжьапIэфI щигъуэтынут кьаралым и щыхьэрым и гъэтхэм. АрщхьэкIэ абы кьыпэплъэрт кьигъэна и адэ-анэр, Iыхьлыхэр. Арати, 1979 гъэм "Ленин гъэгу" газетым и лэжьакIуэ Мэжьыж, мыгувэ уи жуап зыхъ секретарым и кьуэдзэу зыгъэрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым я лъэпкъ газетищым я номер зэхэтхэр кьыдэгъэкIыным и зэхэублакIуэхэм, унэтIакIуэхэм ящыщ зыуэ щытащ Тымыжьыр, апхуэдэ номерхэм я фIагъыр куэд дыдэкIэ ельытат Хьэмыщэ.

"Адыгэ псалъэм" и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщэ Мухьэмэд ягъэува иужь, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тымыжьым и кьулыкъыми мыгувэу зихьэжакщ: ар абы и кьудзэ хьуащ.

Иджыри кьэс сэ зи гугъу сщIар Хьэмыщэ-журналистыр, Ауэ ар филологие щIэныгъэхэм я докторщ. Абы и диссертацIэр Мейкьуапэ щыпхигъэкIащ. КъиIэтэ Iуэхури иджырей тырку литературэм и лъабжэр зыгъэтIылъа, ар эЮунэтIа ди хэкуэгъу тхакIуэхэу Мыдхэт (Хьэгъур)Ахьмэд, Омер Сейфедин (Хьэтхкъуэ), Уйсал (Чынт) Мусэ, Четин Онер (Гъуэгуэл), Эргин Гунджер, Осман Челик (Хьэхъурэтэ), Аталай (Инэмыкъуэ) Мулид, нэгъуэщIхэми я гуащэщ.

И щIэныгъэ къэхутэныгъэхэм апхуэдизкIэ дахьэхати, 2002 гъэм и лэжьапIэр ихьуэжын хуей хъуащ - ильэс 25-кIэ гурэ псэкIэ зыхуэлэжьа газетым Iукъыкри, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-хъхутэкIуэ институтым щIэныгъэ лэжьакIэ нэхъыжьу кIуащ, нобэ абы и кьудамэм и унафэщIу.

Зи гугъу тщIы щIалэм нэхъыфI дыдэу кьехъулIауэ жыпIэ хьунущ езыр зыхуэпIащIэу зыхьихъэж и унагъуэр - и щхьэгъусэмрэ и щалицыбмрэ. Светэ Белгород потребкооперацэмкIэ дэт университетым и филиалу Налшык щыIэм и егъэджакIуэщ. Гъэсэныгъэ зыгъэгъэ щIалэхэм я нэхъыжьитым - Хьэсэнэрэ Хьусенэрэ (эзтIолъхуэныкъэ) зэрысабийрэ "тху" нэхърэ нэхъыкIэ кьахьакъым - тIуми Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым и экономикэ факультетыр кьаухащ. НэхъыщIэм - Асльэн - Белгород университетыр фIы дыдэу кьыухащ.

ЖысIар мымащIэми, нэхъыщIыкэр кьысщыгъупщэрт: Тымыжькъ Хьэмыщэ цIыхугъэшхуэ, адыгагъэ и зы-хэльщ.

Б АХЪСЭН Мухьэмэд.



Къэрмокъуэ Хьэмид

Апхуэдэу къыщIэкIынщ зэрыщыстын хуейри

ЗИ ГУГЪУ фхуэсщI Къэрмокъуэ Хьэмид и гъащIэр аращ ящIэдизу IуэхуфlэхэмкIэ гъэнщIащи, тхыльпсо тебухуэрми, мащIэ хъунущ. Жыпlэнурамэ, ар сыткIи яхъэбгъадэ хъунущ нэхъапэм гъэпкъым хуэтэжьэным зи кьару, щIэнныгъэ псори езыхъэлIа адыгэ узэщIакIуэхэу тхыдэм кьыхэнахэм. Сэ сызыщIэкъунущ апхуэдэу щIыжьсIэр кьыыгурыIуэну, ауэ ящхэ щIыкIэ и кьекIуэкIыкIам кIэщIу фыщIэкIынущ.

Зи адэр 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэту 1942 гъэм зауэм хэкIуэда щIалэ цIыкIум пасэу кьыщIащ гугъуэкIэ зыщIысыр, и дежкIэ тынщу щытакъым Налшык и республикIэ школ-интернатым щыщджа илъэсхэрп, арщхьэкIэ дэрэжэгъуэ кьиртыкIт лъэпкъ интеллигенцэр кьагъэщIэрэщIыкъым мурадкIэ Налшык кьыщыщIэуаха еджапIэм зэрыщIсым. Пэжу, ар кьыщIащIар нужькIэщ, интернатыр ди дежкIэ кьызыкIыным езы КIыщокъуэ Алим зэрыхэлIыфIыхьари абы хэтыжу.

ЕджапIэм и унафэщIт адыгэ хэкупсэ нэс Къамбий ХьэматI. Абы кьыззэрыгъэпэщат сабийхэм щIэныгъэ зэрагъэгъэутыныкIэ Iэмал хъарзынэхэр. Пэжъ зыгъэгащIэу кьыщIэкIынри, зэрыщIыту кьапщэтэмэ, лъэпкъ щэнхабзэрт. Курыт щIэныгъэ зэриГъэутам и мызакъуэу куэдым щыгъуазэ хъуауэ, литературэм итхъэхъуауэ Хьэмид кьынхащи и гъащIэм лъэужь гуапэ кьыщызыгъэна интернат щIэрыIуэр. 1955 гъэм Къэрмокъуэр щIэтIысхьащ Къэбэрдей пединститутым и бзэ-литературэ кьудамэм. АрдыдэмкIэ кьыхихащ и гуащIэ псори зрихьэлIэну гъащIэ гъэгъур.

Сэ сызэреплъымкIэ, абы щеджа иЛъэсхэм Хьэмид гунтI-щхьитIу щытагъэнущ. Зэчиишхуэ зэрыбгъэзэльыр пасэу къэзыгъэльэгъуэ щIалэщIэр зэхуэдэу дахьхьыр литературэм. АрщхьэкIэ, Iуэхуэ щIэныгъэлIыр ара? ЗэдзэкIакIуэ Iэзэр-щэ? ПсэкIэ щы. Дыгъэмэ. ИкIи занщIэуи жытIэфынущ а псоми зэрыпльэсыфар. 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр журналистиутетыр кьыуха иужь, илъэсиищ хуэдизкIэ «Ленин гъэгу» газетым щылэжащ, аспирантуэр кьыхэри, литературэ хъхъутэныгъэ IэнатIэм кьууэ зэритым нэхъ кьищтати, «Iуащхьэмахуэ» журналым и кьудамэм и унафэщIу кIуащ. 1972 гъэм абы и редакторэ нэхъыщхьэу зэрэгъуащ, ильагъуIэ а кьуькьыр зэрихьэ иужь, нэхъ жэуапльныгъэщхуэ зыпыльэ IэнатIэ кьыхуагъэфэщащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу зэрэгъуэри, щIэрэ щIыхьрэ иIэу гъащIэ гъэгъур.

Сэ сызэреплъымкIэ, абы щеджа иЛъэсхэм Хьэмид гунтI-щхьитIу щытагъэнущ. Зэчиишхуэ зэрыбгъэзэльыр пасэу къэзыгъэльэгъуэ щIалэщIэр зэхуэдэу дахьхьыр литературэм. ИкIи занщIэуи жытIэфынущ а псоми зэрыпльэсыфар. 1960 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр журналистиутетыр кьыуха иужь, илъэсиищ хуэдизкIэ «Ленин гъэгу» газетым щылэжащ, аспирантуэр кьыхэри, литературэ хъхъутэныгъэ IэнатIэм кьууэ зэритым нэхъ кьищтати, «Iуащхьэмахуэ» журналым и кьудамэм и унафэщIу кIуащ. 1972 гъэм абы и редакторэ нэхъыщхьэу зэрэгъуащ, ильагъуIэ а кьуькьыр зэрихьэ иужь, нэхъ жэуапльныгъэщхуэ зыпыльэ IэнатIэ кьыхуагъэфэщащ. «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу зэрэгъуэри, щIэрэ щIыхьрэ иIэу гъащIэ гъэгъур.

Ар лъабжьэ яхуэхъуащ «Жыр пыIэ» (1970), «Таурыхъэр» (1994), «Нартхэр» (1996) тхылъхэм. Къэхутэныгъэ IэнатIэм щызэфIигъэкIахэм ящыщу и гугъу сщIыну сыхуейт ди эпосым и лIыхъжь нэхъыщIхэм и цIэ «Сосырыкъуэ» псалъэр кьызыкIэтхъуIам езыр зэрепльыр кьызэриуэтам. БлэкIа лъэщIыгъуэм и 60 гъэхэм я кIэухым «Iуащхьэмахуэ» журналым кьытехуа а тхыльэм «Сосырыкъуэ», Мысырым щыпсэуахэм Дыгъэм и тхъэу кьаIыпсэу щыта «Осирис» псалъэхэм зы кьуэпс яIэу я кьыщыгъэпльэгъуащ. Дауи, ХунгъэфащэкIэ кьудейщ, арщхьэкIэ тельыджэщ илъэс зыбжанэ дэкIа иужь ярдыдэр академик Франк зэрыжиIэр-ар...



КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие.

ЕмкIэ, апхуэдэ щIыкIэм тету хъхъуа дерсхэм я мыхъэнэнэщхуэ яIэщ еджакIуэхэр езыр-езыру лъэжьэфу, кьызэджахэмрэ зэхахарэ ятхыжьу, абыхэм гупсысэ нэхъыщхьэр кьагъэтыфу есэнымкIэ, езыхэм я дуней еплъыкIэми адэкIи зауэжьнымкIэ. А лъжьыгъэхэм ныбжьыщIэхэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм я еджэкIэ мардэхэм пэгъунэныгъэ ищI кьудейкъым, атIэ кьапэщIдзэ балигъ гъащIэми хуегъасэ, хуегъэзхьэщыр.

Дерс зэхуэмыдэхэм Iэмал нэхъыфIхэм егъэджакIуэм хеIыгъэ урок нэхъжь лэжьыгъэхэр, ар сыт щыIэ щIэхэрэ пэджэжу кьефъэсэбэп. АпхуэдизкIэ, псалъэм пащIэ, литературнэ щыIэхэщхьэхэм, тхыльеджэхэм я зэIущIэхэм, кружокхэм я лъжьыгъэхэм, диспутхэм, конференцхэм я сценариухэр. Марие и апхуэдэ кьэхутэныгъэхэр еджакIуэхэм я зэхуэсхэм щызэIэпах, езыри иригъэкIуэкI «мастер-классхэмкIэ» ядогуашэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыувагъащIэ IэщIагъэхIэхэм.

Хэкупсэ лъагъунытгъэр сабийщхэм зыщIэсыпIгъэушин, абы и IэфIагъыр ныбжьыщIэхэм захриигъэщIэн папщIэ, Марие и гъэсэнхэр куэдрэ ешэ театрхэм, музейхэм, республикэм и щIыпIэ гъэщIэгъэнхэм. ЕджакIуэхэм нужькIэ ятхыж ахэр кьаэрыщIыхьэуам теуХуа сочиненэхэр. Апхуэдэу бзэм, литературэм егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр нэхъри дриГъэхъэхэм мурадкIэ Марие кьегъэсэфэп ди къуэш Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ Алибердыкъуэ кьуахэм дэт курыт школым анэдэлъхубзэр щезыгъэджэжьа япыщIащ, я Iуэху еплъыкIэрэ лэжьыгъэ уахуэкIэмкIэ зэдэгущIэу зэрыщIытри.

ЩIэблэм щIэныгъэ куу яIэным, гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъым хуоладэ жьэ Марие и дэтхэнэ Iуэхури. Ар ильэс тIощIым щIигъукIэ и ичфэщIащ Шэджэм куейм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж IэщIагъэ зэрыгъэзэжьэ я методикэ зэгухьэныгъэм. ЕгъэджакIуэм куэдрэ иригъэкIуэкI практикэ, теорие семинархэр. Лэжьыгъэ IуэхукIэ я дзыхь кьаръэзу, республикэм и егъэджакIуэ куэд Марие и дежкIэ кьокIуалIэ, дэIэпыкъуэгъу лъыхъуэу. Дапщэщи Дыщэкъым гулъытэншэ ищIыркъым абыхэм я упщIэхэр - жуэап пщэIи, я купщIафIэ ярет.

А псоми кьагъэлъагъуэ «ЦIыхубэ егъэджакIуэ» цIэ лъагэр икIи лъэпкъ Дыщэкъ Марие хуэфащэ дыдэу кьыхэр рифаIащэр икIи ар игъэпэжу абы зэрыщIэрихьэр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм кьыкIуэнур фIыгъуэ мыIыхьэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Хэхэс псэукIэр зи натIэ хъуа хэкупсэкэр



ЧУРЕЙ Алий

ТХЫДЭ

Си дыгъэ нащхьэу,
Уи нэ нащхьуитIыр
Гъэущхэу энтIи,
Хы щIыуэитIым хэлъ хэплъэ.
Хэплъэ-хэплъи,
Хэплъагъэуэ кьыжжеIэ.
Псы щIыIэ дэхуабэу
Ноби хым хэтыр
КьыжжеIэ зи нэпсыр.
Гупсысэ-гупсыси,
Си лъэпкъым и тхыдэр
Пэж дыдэу схуэIуатэ.
Темыхуэу и щыгум
ЩыкIауэ кьыжа?
Кьыфыгъэм щигъауэу
Гъэгу мыгъуэ техьа?
Кьыхьахэм
И льаехэр
ФIарбыду кьикIа?
КIэ дэдээ уи лъэпкъыр?
Кьуэладжэ-кьуэладжэм
Ар щхьэ дэкрухьа?
ТIхъщIыхэ бижьжьэм
Лъэужьыу яутэ.
Къэтэджи, си нащхьуэ,
Уи лъэхъур ихьж.
Ди Хэку дгъэгъэзэжи
Ди тхыдэр дгъэджьж.
Инжьджи Тэрчыжьи
Я ткIуэхэсэр быдзышIэу,
Ди кьуэпсыр гъэкIыж.
Истамбул къ.

ДУНЕЙР КЪУТэжЫХЬ У

И тыгъэ лъапIэт ар
си лъакэ дыщэм:
Жьэгу пащхьэ мафIэ,
гукъыдэж, насыпэ...
Иджы хамэщIым щикьуэна
си лъэпкъым

И гуауэ хьэлъэр
сакьыу кьызощIи.
Си Хэку щэджащэр
нэхъ спэIэщIэ хьуухкIэ,
Сэ зэпыскъыкIэ
гъэгъуэж сысымейр,
Си гущIэм лъахэр
нэхъри йохуэбылIэ,
Псэунщ си лъахэр
кьутэжьыху дунейр.
Иордание, Амман къ.

БЫРМАМЫТ Фоаз

Бзэр дэзыгъащIэр Тхъэм иуэзщI, Дунейм и фIыгъэм щремыщIэ!

- Тхыдэ гъуэгуанэ кIыхь икIи гуэрыIуэ зиIа ди лъэпкъым и нэхъыжьхэм нобэм кьахьэсыфащ ди хабзэ дахэхэр, тхуахъумэфащ, ди анэдэлъхубзэр, ауэ щыхъуIэ, Паустовский Константин зэрыжиIауэ, цIыхур и анэдэлъхубзэм зэрыхъущIыхъумрэ и Iэщагъэмрэ хуиIэ дъагъуныгъэ къабзэмкIэ, пщIэрылъ зыхуищIыжа кьалэным щхьэкIэ зыхищIэ жэуапльныгъэкIэ, щIэблэм щIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу хэлъхьэн папщIэ эофIих лэжьыгъэщхуэмкIэ.

АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэр Марие кьызэрыгъэхихрэ илъэс куэд дэкIащ, ауэ зы махуэ и къэхъуакъым ар абы щыхущIегъуэжа. Егъэджэным сыт хуэдиз гугъуагъ хэлъми, ар кьытехьэльауэ зэи жиIэркъым абы, сыту жыпIэмэ и Iэщагъэр, и лэжьыгъэр и гъащIэ насыпым и Iыхьэшхуэу кьелъытэри. Апхуэдэ гупсысэкIэм абы гушхуэныгъэ кьыхелъхьэ кьалэн инхэр зыхуигъэзыжьыну, ахэр кьыщIелъэри арац.

КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ ДыщэкI Марие.

хуейщ ди адыгэбзэр гъэхуауэ, жьакIуэу, губзыгъуэу, удихьэхыу дэнэутыкуи кьыщыIуным.

ЩIэныгъэр хъарзынэщ, ауэ ар щIэблэм я ябгъэдумылъхьэфмэ, зыри и уасэкъым. Ар кьилъытэри, и гъэсэнхэр дэзыхьэхьи методикэ хэхэхэр иубзыхуащ ДыщэкIым. Класс нэхъыщIэхэм зы урокым кьриубыдэу унэ лэжьыгъэхэр зэхащиригъэпщIу, темэщIэри щритмэ, 9-11-нэ классхэм пащIэ егъэджакIуэм кьызэрегъэпэщ урок-лекцэхэр, урок-семинархэр, урок-дистутхэр. Марие зэрыжиIэмкIэ, апхуэдизкIэ щIыкIэм тету хъхъуа дерсхэм я мыхъэнэнэщхуэ яIэщ еджакIуэхэр езыр-езыру лъэжьэфу, кьызэджахэмрэ зэхахарэ ятхыжьу, абыхэм гупсысэ нэхъыщхьэр кьагъэтыфу есэнымкIэ, езыхэм я дуней еплъыкIэми адэкIи зауэжьнымк

Зэи хэмыгъуэщэжын лъагъуэ хэзыша

Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр.

Щыхуэм пщIэ къыхуэзыхьыр и ныбжьракъым - лъэужь къигъанэращ. ПщIэ лъагэ щыIуэрабгъэ Iуэхугъуэ куэд иIэщ РСФСР-м щыхьзиIэ и юрист Урысей Федерацэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и Iуэхузехьэ Къалмыкъ Юрэ. Алыхьым ихуатэкъым абы гъащIэ иIэнуи, и зэманыгъэуэ дунейм ехыжащ а щIыху гъуэзэджэр.

КЪУТХЭМЫТЫЖМИ, и Iуэхущ1афэ хьарзынэхэмкIэ махуэ къэси кьыт-щыIгъуэ ар. И ныбжьэгъуэ щыта жыпIэми, и щIыхугъэми, е гъащIэм сабэп зы-хуэхъуэуэ щрет, зы махуэ дэкIыркъым ар фIыкIэ ягу къамыгъэкIыжу. «Кхъэм ЛаиI псэуи щIэлъщ» щIыжаIэр арагъэнщ. Iуэхуфl блэжьа-мэ, гуапэу, щIыхугъэ пхэлъу, хуэныкIуэм щIэгъэкъуэн гъуэхъуэуэ дунейм утетамэ, Iэмал имыIэу абыхэм ягу уиIыпнищ, уи гугъу ящI зэ-пытурэ къекIуэкIынущ. Къалмыкъ Юрэ и гъащIэр зэрихьар аращ - зыхъэзыгъэзэ зи щIыхуи гулъытэнщэу кьыгъэ-нэнутэкъым. Аращ а щIыху телъыджэр лъэпкъмэ, зэрыкъэралуи щIащымыгъупщэр. Абы и фэеплъ сын хьарзынэ Черкесск кьалэм дэлъ ар зыщIыхуу щытахэр кьыбгъэдмыIыбIэу, псалъэ гуэ-пэ хужамыIэу блэкIыркъым. Езыри, пэжыгъэрэ лIыгъэрэ хэлъу дунейм зэрытетам хуэдэу, кIахоплъэ щIыхуэм.

Юрэ и лIыхъужьыгъэр щы-наIуэт и лэжьыгъэми, нэ-гъуэщI хэкуэхм щыкIуэкIи, къэрал Iуэху инхэр щызэ-фIихкIи, къыщIалъхуа щы-налъэм къыщыкIуэжкIи. Ар лIыгъэшхуэ зыхэлъа щIыхуэ зэрыщытар къыщыгъэлъэ-гъуащ адыгэлI щыпкъэм трауХуа кинофильмым.

Апхуэдэуи, шэшэн щынаI-лъэм щрагъэкIуэкI политикэмкIэ мыарэзыуэ и Iэнатlэшхуэр - Урысей Федерацэм юстицэмкIэ и министрыныр - къызэригъэнар а кьыз-зыщхьэщыжа лъэпкъым и мызакъуэу, дунейм псом яфIэтельыдджэ хьуат. Шэшэнхэр дунейм тетыху щыгъупщэнукъым Юрэ къыкъуэкIа лIыгъэр. Аращ илъэс къэс езыхэм я махуэщым хуэдэу щIагъэлъапIэр Юрэ къыщIалъхуа махуэр, щIыхуэщыгъуэр дунейм щехыжа махуэми.

Юрэ я гум ихуркъым Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къызэгъэпэщакIуэхэми, иригъэджахэми, лэжьыгъэ IуэхукIэ пылIащIэу щытахэми. Юрэ и фэеплъ хьарзынэу къэнащ Москва кьалэм дэс адыгэхэм, абазэхэм я нэхъыжьхэм я тхьамадэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик Агырбэ Юрэ Урысеим, Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыдакI газетхэм кьытырригъэдза «ДэдиIащ ди лIыхъужь» тхыгъэр.

«Уадыгэнумэ, адыгэ!» псалъэхэр Юрэ хуэгъэзэпауэ щытащ. И пэлъкъым зыгуэр яхуищIэфынущ ищIэмэ, жеинутэкъым, псэхунутэкъым. Зы адыгэ ди щIыналъэмкIэ икIауэ Москва кIуауэ ищIэмэ, щыгуфIыкIынут, я деж ишэнут, игъэхьэщIэнут, зыхуеймкIэ кьыдэлэпыкъунут. Адыгэгъэм къикIыр и кIэм нэс кьыгурыIуэ зэрыщытам и гугъу хуэлэмэту щещIыж Агырбэ Юрэ и тхыгъэм, ар сыт щыгъуи игу илъ зэпыту, псоми щапхъэ яхуищIу щытащ АксЬащ Борис.

- Мис иджы адыгэ дыдэ сыхьащ, - жиIауэ щытащ Юрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсышхуэм хэтахэм щIакIуэ кьыщыщатIэгъам.

- Европэ кIэстум пщыгъми, адыгэхэм ураадыгэщ, - жиIап къитыжат абы щыгъуэм Сирием и Адыгэ Хасэм и тхьамадэм.

Сытым хуэдэу щыгуфIыкIрэт ар адыгэхэр зэдэщIыIэ къэралхэм Хасэ зэраIэм, а къэралхэм щызекIуэ хабзэхэм тету ахэр лэжьэну сыт щыгъуи чэнджэщэгъу яхуэхьурт.

Юрэ щIэныгъэшхуи иIэт. Абы и адэ Къалмыкъ Хьэмзэт сэгъэджакIуэу лажьэрти, и щIалитIми щIэныгъэ куу зэрагъэуты-ным пылъащ. Юрэ яп классым кьыщыщIэдзауэ фIыуэ еджэу иригъажьэри, и щIэныгъэщIэм нигъэсащ Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетым.

Къущхьэ щIынальэ жыжьэм икIа щIалэм къалэщхуэм хьэкъыпIэкIэ наIуэ щищIащ адыгэхэми щIэныгъэ нэс зэрызрагъэгъуэтыфыр, ехъулIэныгъэфIкIэ кьиухащ дуней псом щыщIэрыIуэ университетыр. Апхуэдэу щIыхуэ и аджахэм я къэкIыпIэ хэпхэр, нэхъ Iэнатlэ лъагэхэр хуагъэфащэми, Юрэ игъэкIуэн и ефIэкIы-ныгъэр кьигъэсэбэпыну. АтIэ кьигъэзэжащ щалъхуа и щIынальэм, Хьэбзэ район судым и унафэщI Iэнатlэри хуагъэфащащ.

Куэдрэ пэрытакъым а Iэнатlэм. Абдеж зэуэ къыщыгурыIуащ суд Iэхъум зэтемыкIуэныгъэ, зэпэщIэуэныгъэ куэд зэрыхэлъыр, ар егъэфIэкIуэн, реформэ щIын зэрыхуейр. Ауэ ешьм иIэ щIэныгъэр абы пэлъэщынутэкъыми, таучэл ищIащ Саратов юридическэ институтым и еджэным щыпищэну. Ар хъарзынэу кьиуха къудейкъым, атIэ юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэри кьыфIащащ. Абы кьыкIэлыкIуащ щIэныгъэхэм я доктор, профессор цIэ лъагэхэр, хьуащ а институтым и щIэныгъэлI, егъэджакIуэ хэхьыфI дыдэхэм ящыщ зы.

Ар апхуэдизкIэ институтым, Саратов областым цIэрыIуэ щыхъуати, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. АпхуэдизкIэ щыхъужхэр кьыпщыытати, партым и обкомми абыхэм я тельхьэу кьэуватI, куэдым я фIэщ хуэхьакъым Кавказым щIщ адыгэ щIалэр пхыкIну. Ауэ хэхыныгъэхэм кьагъэльэгъуар гъэщIэгъуэнщ - щIыху кьыззыкIуэжа я нэхъыбэ щыгъуэр дунейм щехыжа ящыщ зы.

Ар апхуэдизкIэ институтым, Саратов областым цIэрыIуэ щыхъуати, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ. АпхуэдизкIэ щыхъужхэр кьыпщыытати, партым и обкомми абыхэм я тельхьэу кьэуватI, куэдым я фIэщ хуэхьакъым Кавказым щIщ адыгэ щIалэр пхыкIну. Ауэ хэхыныгъэхэм кьагъэльэгъуар гъэщIэгъуэнщ - щIыху кьыззыкIуэжа я нэхъыбэ щыгъуэр дунейм щехыжа Москва кьалэм дэс адыгэхэм, абазэхэм я нэхъыжьхэм я тхьамадэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, академик Агырбэ Юрэ Урысеим, Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыдакI газетхэм кьытырригъэдза «ДэдиIащ ди лIыхъужь» тхыгъэр.

«Уадыгэнумэ, адыгэ!» псалъэхэр Юрэ хуэгъэзэпауэ щытащ. И пэлъкъым зыгуэр яхуищIэфынущ ищIэмэ, жеинутэкъым, псэхунутэкъым. Зы адыгэ ди щIыналъэмкIэ икIауэ Москва кIуауэ ищIэмэ, щыгуфIыкIынут, я деж ишэнут, игъэхьэщIэнут, зыхуеймкIэ кьыдэлэпыкъунут. Адыгэгъэм къикIыр и кIэм нэс кьыгурыIуэ зэрыщытам и гугъу хуэлэмэту щещIыж Агырбэ Юрэ и тхыгъэм, ар сыт щыгъуи игу илъ зэпыту, псоми щапхъэ яхуищIу щытащ АксЬащ Борис.

- Мис иджы адыгэ дыдэ сыхьащ, - жиIауэ щытащ Юрэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэхуэсышхуэм хэтахэм щIакIуэ кьыщыщатIэгъам.

- Европэ кIэстум пщыгъми, адыгэхэм ураадыгэщ, - жиIап къитыжат абы щыгъуэм Сирием и Адыгэ Хасэм и тхьамадэм.

Сытым хуэдэу щыгуфIыкIрэт ар адыгэхэр зэдэщIыIэ къэралхэм Хасэ зэраIэм, а къэралхэм щызекIуэ хабзэхэм тету ахэр лэжьэну сыт щыгъуи чэнджэщэгъу яхуэхьурт.

Юрэ щIэныгъэшхуи иIэт. Абы и адэ Къалмыкъ Хьэмзэт сэгъэджакIуэу лажьэрти, и щIэныгъэ куу зэрагъэгъуэтыным пылъащ. Юрэ яп классым кьыщыщIэдзауэ фIыуэ еджэу иригъажьэри, и щIэныгъэщIэм нигъэсащ Ленинград къэрал университетым и юридическэ факультетым.

Къущхьэ щIынальэ жыжьэм икIа щIалэм къалэщхуэм хьэкъыпIэкIэ наIуэ щищIащ адыгэхэми щIэныгъэ нэс зэрызрагъэгъуэтыфыр, ехъулIэныгъэфIкIэ кьиухащ дуней псом щыщIэрыIуэ университетыр. Апхуэдэу щыгуфIыкIрэт ар адыгэхэм я къэкIыпIэ хэпхэр, нэхъ Iэнатlэ лъагэхэр хуагъэфащэми, Юрэ игъэкIуэн и ефIэкIы-ныгъэр кьигъэсэбэпыну. АтIэ кьигъэзэжащ щалъхуа и щIынальэм, Хьэбзэ район судым и унафэщI Iэнатlэри хуагъэфащащ.

Куэдрэ пэрытакъым а Iэнатlэм. Абдеж зэуэ къыщыгурыIуащ суд Iэхъум зэтемыкIуэныгъэ, зэпэщIэуэныгъэ куэд зэрыхэлъыр, ар егъэфIэкIуэн, реформэ щIын зэрыхуейр. Ауэ ешьм иIэ щIэныгъэр абы пэлъэщынутэкъыми, таучэл ищIащ Саратов юридическэ институтым и еджэным щыпищэну. Ар хъарзынэу кьиуха къудейкъым, атIэ юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэри кьыфIащащ. Абы кьыкIэлыкIуащ щIэныгъэхэм я доктор, профессор цIэ лъагэхэр, хьуащ а институтым и щIэныгъэлI, егъэджакIуэ хэхьыфI дыдэхэм

Пэжыр сэтей хъуныр зи щІасэ къэрабгъэ иджыри къигъэщІакъым

КъБР

КІыщокъуэ Алим и дэтхэнэ тхыгъэми щызыхыбощІэ ахэр лІыгъэрэ щІыхь-гъэкІэ щІэрыІуэ тхакІуэм и къэзмыпэм къызэрыщІэкІар.

Ар щынэрылъгъэщ Алим и усыгъэхэми и роман гъуэзэджэхэми. Зэманыр пэлъэщакъым абы-хэм, ди литературэм и фІыщІэ хъуащ. Ар къызы-хэкІар гурыІуэгъуэщ - ди лъэпкъым етІощІанэ лІэщІыгъуэм кынкІуэ гъуэгуанэм и гъуджэ пэтьытэщ. А гъуэгуанэм и тхыдэр щи-гъэбатэм, КІыщокъуэ Алим зы гъэзэщІ пІар - абы и пэжыпІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим.

ІУЭТЭГЪУАФІЭКЪЫМ тхыдэм и пэжыпІэр, ар зыхуэзэфІэкІар лІыгъэ зыхэть тхакІуэрщ, хэкум фІыгъуэ хуитлэжьым фІэкІ нэгъуэщІ пльапІэ зимыІэрщ. Апхуэдэущ КІыщокъуэ Алим дуней зэрытетар - и гъащІэр щхьэзыхьх хуищІыфынут абы и хэкум, абы и фІыцІэ Іун щхьэкІэщ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр кьалэм жанкІэ щІигъэбгар.

Хэкум пищІ щыІакъым Алим - ар щыболъагъу абы и усэхэми и романхэми.

Хэкуу щыІэм
ухахэзмыбжэ,
Псалъэу уэстрп
согъэпэж.
Уипс семыфэу махуэ
згъащІэм,
КъэзгъащІэхэм
хэзмыбжэщ, -

щитхыгъащ Алим и усэхэм ящыщ ным. Апхуэдэ псалъэкІэ къоШхыдыкІ усакІуэр хэкум хуэпэж, ар зыгъэльапІэ щыхум и гущІэм.

Дунейм тетыху, а псалъэр зэи щыгъупщакъым КІыщокъуэ Алим. ГъащІэмрэ дунеймрэ я пэжыпІэр - ар ирелэфІ е иредыдж - иІуэтэфащ Алим и усыгъэ, романхэм хьэзэмэтхэмкІэ. Абы щхьэкІэ тхакІуэм жагъуэгъу мащІэ иІакъым - гъащІэм и пэжыпІэр щаІуатэ зэмантэкъым КІыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр, псалъэм папщІэ, и романхэр, дунейм кІыщы-техьар. Жагъуэгъуэр пэлъэщакъым тхакІуэм, аэр дапщэрэ къенакІуэхэуами, зы лъэбакъуэкІэ яхуиКІуэтэкъым, пэжыр иІуэтэн щи-гъэзакъым.

КІыщокъуэ Алим и зы романи дунейм кьытехьакъым псалъэмакъ кьимытэджыкІаУэ, нэхъ белджылыуэ жьыпІэм, псалъэмакъ ирамыщІэкІаУэ. Сыт хуэдиз псалъэу ІуэтІу ІІа, псалъэм папщІэ, «Хъэпсэгъэ нурым». Псалъэмакъ иращІэкІащ «Мазэ ныкъуэ щхьэантЭми» - ди хэкум и тхыдэр зэблэшауэ, зэрыщымытауэ къеГъэльГъуэ, жаРи. «Пэжым и дэуаКІуэхэр» къэзыгъэмэпэр «ЩхьэлмывэкъуэрщІ» - щІэх ужьыхахьам я романым иращІэкІа псалъэмакъ мышІуэр, «гупкІэм пыс» хьэгъапхъэ куэд ирауштащ абы, еджари емыджари хуагъэдзэпщхащ. Абыи кьыщыдзэтенакъым: псалъэмакъым фІэкІри, «унафэ ткІий» тращІыхьащ, ар зи Іэдакъэ кьыщІэкІам «Къэбэрдейм и напэр трихауэ» яльытащ, хьэІупс ящІащ. Зи напэ текІар, пэжыр жьыпІэнуиІ, Алим и жагъуэгъуэкІ. Иджы дэнэ щыІэ ахэр - КІыщокъуэ Алим и цІэр зэрылъапІэщ ноби, и романхэм ди литературэм и жьанпІэр кьалъысыжащ.

Хэкумрэ лъэпкъымрэ я пщІэр лъагэ хъун щхьэкІэщ Алим щІэпсэуари кьалэмыр щІигъэбзари.

КІыщокъуэ Алим и романхэр дунейм кьыщытехьар лъэбакъуэ лей тлъы шымыхьу, цІыхур и жьэм хуэсакъын хуейуэ щрагъэза зэманщ. «Гупсыс», псалъэ, зыплъыхьи, тІыс» псалъэжьым шэч хуащІ щыхъуа зэмант ар, упсэльэн и пэ умыгупсысэмэ (узэмыпльэкІмэ), «Гупсынри» зыхуэІуа щыІэтэкъым, ун щхьэр хьымылъхьэмэ...

Пэжыр Іуэтэгъуафэкъым, ар зыхуэзфІэкІыр лІыгъэ зыхэль цІыхурщ. Къэрабгъэр, щхьэхуеІщэр абы и псэм ющэ - аращ и гъащІэм кьызэрекІуэкІыр: пэжыр сэтей хъуныр зи щІасэ къэрабгъэ кьигъащІакъым. Ар хэт нэхъри нэхъыфІу ищІэрт Алим, аращ абы щхьэхуещэжа зэуэгъэпчъэ щІыпэмыгъэщІэн.

Апхуэдэущ КІыщокъуэ Алим щІэблэм я гум кьызэринар - хэкумрэ лъэпкъымрэ фІыгъуэ ягуилэжьым фІэкІ нэгъуэщІ пльапІэ зимыІэ цІыхуущ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Щхьэныкъуэ зэшхэр - хэкупсэ нэсхэр

● Лъэужь

Нухьмэн

Музэрач

Мусэбий

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Малкэ Хьуажэм дэсэ Щхьэныкъуэхэ Хьисэрэ Баблинэрэ зэдагъэзэт, зэдапІат щІалищрэ зэхьджэбзиплІрэ. Адэ-анэм ахуэзфІэкІащ абыхэм зэрылсэун Іэщ1агъэ ирагъэгъэтым... гъащІэм гъуэгу захуэ щытрагъуэвэн. Зэрыбыниблым ящыщу зэкъуэушищым: Нухьмэн, Музэрач, Мусэбий сымэ егъэджакІуэ Іэщ1агъэр кІыхьхащ икІи сыт хуэдэ зэмани абы хуэпэжу гъуэгу захуэ щытрагъуэвэн.

БНЫМ я нэхъыжь дыдэ **Нухьмэн** Іраждан зэуэм и гуащІэгъуэм - 1919 гъэм кІалъхуэтА, сабиигъуэ тынш иІакъым. И кьуэш-шыпхъу нэхъыщІэхэр пІынымкІэ адэ-анэм ядэІэпыкъуГ еса щІалэм сабийхэр фІыцІ ильагъу, абыхэм елІэпІэныр фІэфІу кьэхъуащ. Кьуажэ школлыр кьиуха нэужьи, егъэджакІуэ Іэщ1агъэм фІэкІа нэгъуэщІ кьыхихьнуи игу кьэкІагъэхъэхьым. Налшык дэт педучилищэм фІыуэ ильагъу Іэщ1агъэр щызыригъэгъуэтри, Нухьмэн Малкэ курыт школ №2-м егъэджакІуэу иГъэзэжащ. ЩІалэщІэм сабийхэр хуигъаСэрт я анэдэлъхубзэр, рІэпхъ хабзэр фІыуэ ильагъуным, я Хэкур ягъэпэжыным, хуей хьумэ, абы и кьыщьщыжакІуэу увыным. «Гурэ гурэ зэрощІэ», - жьхуаІэм хуэдэу, езы сабийхэми фІыуэ ильагъурт я егъэджакІуэр, пщІэшхуэ хуащІу.

1940 гъэм и бжьыхьэм Нухьмэн дзэм ираджащ кьулыкъу ищІэну. Ильэс иримыкьыщ мамыру Нухьмэн кьулыкъу зэрищІар. Хэку зауэшхуэр кьэхъейри, абы и яп махуэ дыдэм ЩхьэнэкъуэР зауэм Іухьащ. Зэхъым, тІоукъым Нухьмэнрэ ар зи пашэ гуПымрэ псэзэпыльхьэпІэ зэрихуар, ау текІуэныгъэкІэ кьыхэхІыгът. Абыхэм ятеуха хъыбархэр итт щІалэм и адэ-анэм кьахуитхьам. Апхуэдэу иужьрейуэ кьитха письмом итт ар Курск и деж щекІуэкІ зауэ гуащІэхэм зэрыхэтыр. «Сэ сыт щыгъуи си фІэщ мэхъу: дэ дытекІуэнущ. СыхэкІуэдэн хуейІу ихъаМа, си гъащІэр ди цІыхухэм папщІэ, фІыуэ слъагъу си адэжь щІыналъэм мамырыгъэрэ насыпрэ щыІэн папщІэ зэрыстыр зэвгъащІэ... Фэрэ си еджакІуэхэми сызыщывыгъэгъупщ...» - апхуэдэ псалъэхэр итт Нухьмэн иужь дыдэу 1943 гъэм и гъатхэм кьитха письмом. А ильэс дыдэм и гъэпсыкІэм Курск и Іэхэльаехэм щыхэкІуэдащ зауэлІ хахуэр, щІэблэм я гъэсакІуэ нэсыр. Абы щыгъуэ Нухьмэн и нюбжьыр ильэс 23-м иту арат. Лы-гъэу зэрихьахэм папщІэ Щхьэныкъуэм кьратыну кьагъэльэгъуауэ щытащ Вагъуэ Плъыжь орденыр. Щхьэныкъуэ Нухьмэн и цІэр ящыгъупщакъым Малкэ гурыт еджапІэм №2-м: абы и сабий зэгухьэныгъэм Нухьмэн и цІэр зэрехьэ. И кьуэш нэхъыщІэ Музэрач кьыхэзыригъэпащу Мусэбий иригъэбгъкІуэ школ музейм лІыхъужьым теуха дэфтэрхэр щыІэщ. Малкэ кьуажэм и уэрамхэм ящыщ зым щхьэхьыщхьэ Нухьмэн и цІэр фІащащ.

Нухьмэн Хэку зауэшхуэм хэкІуэда нэужь, и кьуэшым и Іуэхум пищэнщ, абы и Іэлъэныгъэр адэкІи игъэкІуэтэныр и гъащІэм щыІэнхэхьэ кьалэнхэм ящыщу иигъащІ зэшхэм я курыт **Музэрач**. ШколакІуэ ныбжьым иджыри нэмыса щыкІэу, ар егъэджакІуэ Іэщ1агъэр зищІысым щыгъуэзэ хъуат: абы махуэ кІэ иІаГъурт Нухьмэн ужьым кьиХ тетрадхэр, ар абыхэм зэрелэжьыр, дерсхэм я планхэр зэрызэхигъэувэр, тхыгъым пщІэу я хуиІщІыр. Музэрач а псоми хуабжьу дахэхьыр икІи мурад ищІат, ин хъумэ, езыри егъэджакІуэу лэжьэну.

Хэку зауэшхуэм пІалъэкІэ кьиззпидами, Музэрач и гурашэр зыІэригъэхьащ.

Ильэсибл школ нэужьым щІалэр щІэтІысхьащ Налшык дэт педучилищэм икІи ехъуІэныгъэ иІэу ар кьиухащ. Музэрач занщІэу егъэджакІуэ ІэнатІэм пэрыувэфакъым. Зауэ нэужь лъэхъэнэтэ, цІыхубэ хозяйствэр Іэщ1агъэлІ куэдым хуэныкъуэт. ЩІэныгъэ зиІэ, гудзакъэ зыхэль ЩхьэнэкъуэР Іэщ1ыхьэмхуэ куейм и ахъшэ хъумапІэм кьэпщытакІуэ нэхъыжьу, иужькІэ инспектору ильэситІым нэскІэ щагъэлэжьащ. 1948 гъэм ар зауващ Нухьмэн щыпэжьа школым, пэщІэдзэ классхэр иригъэджэну. Сабийхэр фІыуэ иригъаджэм и закъуэтэкъым, атІэ школым щекІуэкІ жьлагъуэ, комсомол лэжьыгъэхэми хуэжьыдэрт Музэрач. И Іэщ1агъэм гурэ псэкІэ бгъэдэуавами, щалэщІэр куэдрэ щагъэлэжьакъым школым. Ар Іуащ1хьэмахуэ куейм и комсомол зэгуфэныгъэм и 2-нэ секретару яГъэкІуащ.

Абдежми Іэщ1агъэлІ жьыдэру зыкъыгъэлъэ гъуэщ Музэрач. Абы жэрдэмыщІэхэр къыхилъхьэрт, ахэр гъэзэщІэным куей щІалэрГуалэр хуэзэщІыну.

1951 гъэм и гъатхэпэм Музэрач Малкэ кьиГъэзэжащ икІи фІыуэ ильагъу и ІэнатІэм пэрыувэжащ ар. Зэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м и тхыдэ кьудамэм щІэтІысхьащ, ар кьиуха нэужь, Музэрач класс нэхъыжьхэм щІэсхэм тхыдэр ильэс куэдкІэ яригъэджащ, школым и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьуэдзэу лэжьащ.

Зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ егъэджакІуэм мыхьэнэшхуэ зэритыр щІэблэм щІэныгъэ куу яІэным и закъуэтэкъым, атІэ хэкупсэ гъэсэныгъэми гулъытэшхуэ хуищІырт. Музэрач школым щыщІэзэригъэпэщауэ щытащ тхыдэ музей хьэлэмэт.

ЕгъэджакІуэ гумызагъэм и лэжьыгъэм пщІэ игъэтащ. Абы кьыхуагъэфэщауэ щытащ УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щэныгъэмкІэ я министерствэхэм, Дзэлыкъуэ куейм и администрацэм, егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатім, ДОСААФ зэгухьэныгъэм кьаГъэдэкІ щытхъу, фІыщІэ тхьапэр, Лениным и цІэкІэ щыІэ медаль». «Пэжжыгъэм и ветеран» дамыгъэр, нэгъуэщІхэри. Апхуэдизэ жьлагъуэ гулъытэм абы яхиІэтыкІырт и гъэдэхэм кьыхуІэ ПІэ гъунигъэ кьаБзэр, пщІэр, нэмысыр.

Ильэс 62-рэ кьудейщ зэрыпсэуар Щхьэныкъуэ Музэрач. Абы щыщу ильэс 41-р сабийхэр егъэджэным иритащ.

И куэш нэхъыжьитІым я Іуэхум пищащ **Мусэбий**. 1968 гъэм щІэныгъэ ищхьэ КъБКъУ-м щызригъэгъуэтауэ щалъхуа кьуажэм кьэзыгъэзэжа Мусэбий лэжьыгъэм и гур хуэзІухат. ЗэрыщІыкІу лъандэрэ зыщІэхьэпэс Іэщ1агъэр зиІэ хъуа щІалэщІэр хуэпІа-щІэрт абы ехьэпІа и мурад щІэныгъэ ищІыну.

Нухьмэн Хэку зауэшхуэм хэкІуэда нэужь, и кьуэшым и Іуэхум пищэнщ, абы и Іэлъэныгъэр адэкІи игъэкІуэтэныр и гъащІэм щыІэнхэхьэ кьалэнхэм ящыщу иигъащІ зэшхэм я курыт **Музэрач**. ШколакІуэ ныбжьым иджыри нэмыса щыкІэу, ар егъэджакІуэ Іэщ1агъэр зищІысым щыгъуэзэ хъуат: абы махуэ кІэ иІаГъурт Нухьмэн ужьым кьиХ тетрадхэр, ар абыхэм зэрелэжьыр, дерсхэм я планхэр зэрызэхалъхьа кьарумрэ гушхуэныгъэмрэ.

Апхуэдэу игуре и щхьэрэ зэтелъу, бгъэдэлъ щІэныгъэм кьигъэгугъэу егъэджэныгъэм яп лъэбакъуэр щызыча Іэщ1агъэлІым и мурадхэр кьызэрехъулІэнум щэч лъэпкъ хэлътэкъым. Зэман кІэщІым кьриубыдэу абы зэфІэкІ лъагэхэр кьыльыкъуэкІащ, чэнджэщэгъуфІ, щапхъэ дахэ егъэджакІуэхэми школакІуэ цІыкІуэхэми яхуэхъуащ. Иригъэджахэм ящыщ зыбжанэ езым и лъагъуэм тевауэ адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу курыт школхэм щолажьэ. Зы иІэсри кьаНэркъым Мусэбий и егъаджІуэхэм ящыщу зытІущ КъБКъУ-м и адыгэбзэ кьудамэм, абы и педколледжым щІымытІысхьу. Абы и егъаджакІуэхэр щІэх-щІэхьыр яохьэ район, республикэ зэпеуэхэм я утыкум икІи увыпІэфІхэр кьахь.

ЩхьэнэкъуэР зэфІэкІ льагэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэщ. Ильэс 45-рэ хъуауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатім хьэлэлу еэхьэхьэкІ Мусэбий щалІыхур Дзэлыкъуэ куейм и закъуэкъым, абы и зэфІэкІым щыгъуазэщ республикэм и школхэм я лэжьакІуэ куэд. Ар жьджэру хэтщ «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикэ зэпеуэм. 1975 гъэ лъандэрэ ар и унафэщІщ тхыдэмкІэ школ музейм. 2009 - 2010 гъэ егъэгъуэм ТекІуэныгъэ Иныр ильэс 65-рэ зэрырикъум и щыхьІэ къызэрагъэпэща «Школ музейхэм я еплъыныгъэ» Урысейпсо зэпеуэм Мусэбий и музейм республикэм япэ увыпІэр кьыщихьри, къэралпсо утыкум ирашахэм яхэтащ. Апхуэдэ лэжьыгъэфІым папщІэ ЩІыхь тхылъ, саугъэт лъапІэ кьратащ.

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ къэралым щекІуэкІа зэпеуэм хэтащ Мусэбий. Абы щытекІуа егъэджакІуэ нэхъыфІ дыдэхэм хальытэри, абы кьратащ зэпеуэм и ЩІыхь тхылъымрэ сом мини 100 хъу саугъэтрэ.

Бзэмрэ тхыдэмрэ хуиІэ льагэныгъэм нэмыщІ, ЩхьэнэкъуэР тхэнми кІуэ-Іэкъуэльакъуэщ. ЕджапІэм абы щызэтриублащ тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэм я кружокым и лэжьыгъэр. 2001 гъэ лъандэрэ УФ-м и Журналистхэм я союзым хэтМусэбий еджакІуэ цІыкІуэхэр щызыгъазэ ещІ прозэмрэ усыгъэмрэ я щэхуэхэм.

Мусэбий зэфІэк апхуэдизэ лажьэныгъэр ЩхьэнэкъуэР кьэнакъым. Абы къратащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ я министерствэхэм я щІыкІэ тхылъхэр. Ильэс 15 лъандэрэ егъэджэныгъэмкІэ категорие льагэ зиІэ Іэщ1агъэлІым «ЕгъэджакІуэ-методист», «УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и пэжакІуэ» щІэ лъапІэхэр зэрыфащэ дыдэу зэрехьэ.

Кьыхаха Іэщ1агъэм сыт хуэдэ лъэхъэни хуэпэжу лэжьэныр ЩхьэнэкъуэР Іэнатім щыпэрытщ Мусэбий. И кьуэшхэм кьЖдальхуэ лъэлащэн дахэхэм ящыщщ. Гу кьабзэкІэ Нухьмэн иригъэжьа Іуэхум пищащ Музэрач. Абыхэм я Іэлъэныгъэхэр игъэбагъуэу, адэкІэ зригъэужьу и кьуэшхэр щылэжьа курыт школ №2-м ноби егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатім щыпэрытщ Мусэбий. И кьуэшхэм кьЖмы-гъэщІар и Іэщ1агъэм кьыхупищэну, ГъащІэм щиІэ мурад псори кьехьулІэну ди гуапэщ.

ЩхьэнэкъуэР зэш-егъэджакІуэхэм, хэкупсэ нэсхэм, я лъэужьыр зэи хремыгъащэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Хэкэс псэукІэр зи натІэ хъуа хэкупсэхэр



ХЪУНЭГУ Надия

ХЭХЭС УЭРЭД

Сэ сы хэхэсщ -
ЩІэкІащ Хэжьжьыр нэгум.
Ауэ сыт щыгъуи
Льахэм псэр хуоэзщ.
ЛІэщІыгъуэ кІуам
Тхьэгъуш х уэхъу ауэ си гур
ГуфІэгъуи гу ауи
Абы хуэогъуэщ.
Жьыбгъэ унэнщэ
закъуэрщ
Си ныбжьэгъур.
Нэрымылъагъуми -
Сэщхьу ар нэщхьещІ.
Зэщыджэу кьызДехь а жьым
ГъащІэ гугъур,
Дызэподжэж -
ПІалъэншэу дыпІейтейщ.
Жьыр гъуэгу техьамэ -
Сэри зызоІэтащ:
ХьэщІэуэ ари
Кьызбгъэдоувэж, -
ДызэІэпэгъуэ зеиншэ
Тхьэмыщкіптыр, -
Дыщалъхуа унэр
Дэ кьыдолъыхьэщ.

Амман къ.



ТХЪЭЗЭПЛЪ Фозий

СИ НЭГУМ АР ЩІЭТЩ

ГуфІэгъуэ г ІэгъуІ -
Дэ дпІэр зы Хэкущ.
Хамэщ сыщыпсэуми,
Си нэгум ар щІэтІщ:
Тэрчыжь и толькьунэр
Мэушэ, досей.
Гъэгъаэм, гъэгъаэм
Губ1гу эшхуэр ясей.
Къуршыкъэм я щыгур
Пшэм щыІэщ я щІыІу.
А псори, а псори
Хъуащ гущІэм кьыщыІу.

Истамбыл къ.

«Зыхэдвгъалъхьи щымыІа лІыгъэ, Дыкъыщ1эвгъэкІхэ зэрамыгугъэу»

Дэтхэнэ зы цІыхуми и гъащІэм хэту кьыщІэкІынщ и гум нэхъ кьинэжа зэман е илъэс щыухыкІа гуэр. Си дежкІэ апхуэдэу щытащ 1965 гъэр. А илъэсым сэ ди университетым сыкъыщІэтІысхьат. Си насып етІуанэу кьикІыну тхъэм ихуа хъунт а гъэми, ІутІыж Борис зыгорэщІыху, занщІэу ныбжьыгъуи дыхэхуохьу.

ЯПЭРАУЭ, дызэрыгъэгъу къуажэт, етІуанэрауэ, зэрыжаІэу, ди тхъэмыщкІагъэ зыт. Арати, общежит эратхэм дыщыхамыгъахуэм, урыс фызыжь угъурлы гуэрым деж фэтэр кьыщыдогъуэтри, унэ бэнзэ щІыкІу дыщІотІысхьэ.

КъызэрыщІэкІамкІэ, Борис илъэс зытІущ университетым щеджэщ, апхуэдизкІи армэм кьулыкъу щищІэри, еджэным пищэжауэ арат. КІэщІу жьпІэмэ, сэ сэлэнтауэ дуней зыльэгъуа щІалэжьт. Ауэ нэхъыщхьэри псалъэм папщІэ, и псэлъэкІэ, и Іуэху, бгъэдыхьэкІэ зиІэж щІалэт. Жэщи махуи ущызэгъусэкІэ а псом гу лъымытапІэ иІэт? Уеблэмэ инкьтхэзэм деж къысфІэщІыжьырт, иджыри къэс сызыщытхуаззэу щымыта дуней гуэрым сыкъыхэхутауэ.

ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, сэ яп зэманхэм зэи къэсльытатэкъым Борис адрей студентхэм апхуэдизу кьыщІытщхьэщыкІым егупсысыпхьэу. Алыхьым а зэрыщыту, зэрыхъун хъуауэ кьигъэщІауэ кьыс-фІэщІэуэ ари.

ТІу: Зыщ дыдэуи, яужькІэ кьызэрыщІэкІамкІэ, ар Алыхьым апхуэдэу кьигъэщІат, армыхъумэ, абы гъэгугъэльагъуэ кьыхуэхъуни, чэнджэщ щхьэпэкІэ кьыкъуэувэни щиІатэкъым и унагъуэми, и благъэхэм я деж, щджа школми. Уеблэмэ езыгъаджэхэм ящыщ гуэрхэм я акъылыншагъэм и эрранкІэ еджэныр щыхьІидзаи екъхъуат.

Ахэр кьыщысщІар иужькІэт, зэкІэ сльагъур дэнэ щІыпІэ кьыщымыхтами, цІыкІум кьыхуэзэ ящІидысым хуэдэу зэзышІалІэ, гушыІэр сытым деж кьызыІурылъэлъ, студентхэм я мызакъуэу, егъэджакІуэхэми пщІэ зыхуащІ щІалэт. Иужьрейхэм я гулъытэр абы кьызэриІэжьыр фІы дыдэу зэреджэ къудейм и закъуэтэкъым, Борис абыхэм ядэхъут и гупсысэкІэкІи, и дуней тетыкІэкІи. А псом нэмыщІужькІи и гушыІэ уэхэмрэ гушыІэ суРэтхэмкІэ щІэрыІуэ хъуат. Борист суРэтхэмкІэ зыгъэщІэращІэр «Хасэ» фІэщащуэ студентхэм кьыдэдгъэкІ блым газэтри. ИгъэщІэращІэ къудейтэкъым, газетым и унэтІакІуэри арат. «Хасэ» газетыр бдыным кьызэрыфІалъхьуэ, мо пытІа-хузауэ кьекІуэкІа студент къомыр абы занщІэу епщІырт. Ауэ, гъэщІэгъуэнратн, жьжьэу кьыхухьэпІэ мыхьэмэ, егъэджакІуэхэм яхэтт абы кьыбгъэдэмыхьэхэри. Газетым тет гупсысэ утІыпщ гуэрхэм я гугъу умыщІыхьи, езы «хасэ» псалъэм игъэгуитІщхьитІхэри щыІэт. Иджыпсту ар псори зэсэжами, адыгэм игъащІэ ьІэдэрэ кьадекІуэкІ хабзэхэм ящыщ зы кьэзыгъэлъагъуэ а псалъэр национализм жьхуэтІэжьым бгъэдагъэувэнкІэ шынэхэр мащІэтэхъуэм. Абыхэм ящыщ зым ар кьыщыдиУэкІым, Борис псом япэу кьэуват, «Куэдщ Іуэхуми езыр гупщІанэу зэрыхуцытым нэмыщІкІи, ІутІыжьыр хущІэкъурт абы нэгъуэщІхэри кьызэрыхишэным, езым и гупсысэр здынэсам адрейхэри кьызэрыхигъэушыным. Махуэ гуэрым ар си лэжьапІэм ныщІыхьат, Тбидиси сызэрыкІуэр къищІэри. Зи Іуэху зэрихуэр абы щыпсэу ТхакІуэ цІэрыІуэ Лохвищкэм адыгэ тхыдэм теухуа повесть тельыджа итхауэ зэхихати, тхакІуэри кьэзгъуэту зэзгъэщІыхуну, и тхыльри кьызыдзигъэшэну арат. Пэж дыдэуи, а тхыльри ар зи ІэдакъэщІэкІ тхакІуэри тельыджэу кьыщІэкІат. Ар иджы куэдым ящІэ.

«Ха, мы фи радиом Іэджэ кьет, цІыхум я нэхъыбэри я фІэщыпэу йодаІуэ, ар кьэвгъэсэбэну мы ди гъащІэм кьыхьыхьэ мыхъумыщІагъэ кьомым щхьэ махуэ кьэс фытемыпсэлъэхьрэ? - кьызэхуРджэуат зыгуэрым Борис. БгъэзащІэжьмэ ухуэмэжьа, жэрдэм кьыхуымылъхэ зэхихати, ар кьэзгъэсэбэпри, Борис кьытезгъэхьат адыгэ хабзэм кьыхьыхьэ мыхъумыщІагъэхэм ящыщу игу щІэныкъуэ псоми езыр тепсэлъэхьыну. ЛъэужьыншІэ мыхъуа апхуэдэ ущиехэр нужькІэ лъэбжьэ яхуэхъуащ абы и тхыгъэ зыкъомы.

ІутІыжьыр зэрытхакІуэми, зэрыщІэныгъэлІми, зэрысурэтыщІми, зэрыпублицистми я лъабжьэри псэуэ яхэтри езым и адыгэпсэрт. Абы и сыт хуэдэ Іуэхуми адыгэу кьыщеуэрт. АтІэ, а псом сыткІэ кьахэзыжьынт зи вице-президенту щыта Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гуащІэрэ и гупсысэу кьихьыжьар. Ахэри и гъащІэ псор зытриухуа льэпкъ Іуэхум кьыпызыщІ ІуэхуцІафэхэм ящыщт.

Къэзхэмэ, а адыгэр нэхъуеинщэу фІыуэ ильагъуми, ар зэрыхуэзэфІэкІкІэ игъэльапІэми, и льэпкъым хуиІэ лъагъуныгъэм Борис и нэр зэи кьыщипхъуэртэкъым. Ар щибзыщІыртэкъым и Іэдакъэщ1экІэхэм. Абы и щыхьэтщ мы си гъэпсыгъэ ящІам псалъащхьэ хуэсщІар кьызызэсха сонетым хэт мыпхуэдэ сатырхэри:

Уоу, си льэпкъ мащІэу
гущІэм щызгъафІэ,
Зи фІыр зи Іейхэм
къыскхугуэмых,
Зэм хубоЗат уэ си гур мо уафэм,
Зэм щІы къатиблкІэ си гур
йодых.

ІутІыж Борис кьыщалъхуа льапсэм пэжыжьэкъым зыщІэлъ къэрри. Лъэ абы унэмыс щІыкІэ ублокІ ткакІуэр зытесыр фІэфІу щыта Іуащхьэ хъурейм. Абы хуэхитемэ, Зэрэгъыж кьуажэр уи Іэгум илъым хуэдэ уолъагъу. Іуащхьэм и щигум иджы тетщ Борис и хъуапсапІэ нэхъыщхьэу щытахэр зытетха мывэ джей ин:

Мы мывэр езыр-езыру
щащэу
Сабэ хъужьку щрыреІэ икІи
ирефІакІуэ
Адыгэ лъахэр!
Иребагъуэ икІи зреуэзэщІ Адыгэ
лъэпкъым!
Иребзэрабзэ хуиту ди адыгэбзэ
дахащэр!

ДЖЭРЫДЖЭ Арсен,
«Іуащхьэмахуэ» журналым экуэн зыхь и секретарь.

КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ ІутІыж Борис.

Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ

2004 гъэм и гъэмахуэпэ маззэм адыгэ лъэпкым фIэкIуэдащ щIэныгъэлI щэджащэ, лъэпкъылI щыпкъ Хьэкъун Барэсбий Исуф и къуэр. Барэсбий и гъащIэр и щапхъэу кьэпльытэ хьунущ лъэпкым ущыгъэжьынымкIи и мардэхэм ущытепсэльыхьыкIэ. Апхуэдэ щIэныгъэлI, дауи, лъэпкым кьышцхьэкъуэр ильэсищэм эзэ. Езы щIалэм и гур лъэпкым хуэзгъэхуэ псэуащ, щIэпи къигъэнари ткIуэпс-ткIуэпсуэр зэхуитхьэсащ. Арагъэнщ абы и тхьылъхэм адыгэ литературэм, лъэпкъ щIэныгъэм увыпIэшхуэ щыщыгубыдыр.

СЫТ И УАСЭ Барэсбий кьыдигъэжа «Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр» жьыхуIэ тхьылъыр. Барэсбий адыгэ лъэпкым и тхыдэм, щэнхабзэм теухуауэ зыщымыгъуазэ гъэтыгъэ уейт. Абы и щыIужкIэ, щIалэ гумызагъэм и щхьэкIэ куэд кьызэхиухьащ, щIыпIэ куэдым щыIащ, лъэпкым и нэхъыжьыфI куэдым епсэльыIащ. Мы тхьылъым елэжьын щыщIидзар 1960 гъэращ. А гъэм щIалэ гурыкуэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэралэ университетым щIэтIысхьат.

«Абы щыгъуэ, дауи, къэжьыгъэцIэхэр тхьылъу кьыдээгъэжьын си гугъаькъым. Лъэпкым и къэжьыгъэцIэхэр кьызидикIам, ахэр зыхуэдэм ботаникэм и лъабжьэм сытетуэрэ щыгъуазэ зыщIыпхъ, а Iуэхум сыдихьэхьыщащ, абы и мыхьэнэр зэрыщынэу нэсу зыхэсщIэри, тхьылъу кьыдээгъэжьину мурад сшIащ, игу кьыщегъэжьык Барэсбий тхьылъым и пэублэ псальэм. ЯтIэу къэжьыгъэцIэхэм я псальалъэ кьыдигъэкIауэ щытащ, къихута щIэныгъэр иужькIэ «Адыгэ къэжьыгъэцIэхэр» жьыхуIэ тхьылъым кьыщыдзэщIикIуэжащ. Тхьылъыр адыгэ къэжьыгъэхэм я щIэнгъуазэ хьэзырщ, абы кьызэщIебыдэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм, Шапсыгъэм, нэгъуэщI щыналъэхэмкIи щыащIэсбэ кьэкIыгъэцIэхэр. Дауи, Барэсбий мы тхьылъым фIэкIа и Iэдакъэм кьыщIэмыкIами, и цIэр адыгэ тхыдэм дыщэ хьэрфкIэ иптхэ хъунут, Ауэ Барэсбий абыкIэ увыIакъым. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ щIалэр и ужь итт лъэпкъым и щэныгъэ, литературэ лъабжьэхэр зэригъэбыдэным.

Гурсыдэ уэзыншхэр зэIэ щIалэр нэхъыбэ зэрызэригъэщIэным х ущIокъу, адыгэм и тхыдэ кIапэхэм мэлъыхьуэ, ахэр цIыхухэм я пащхьэ ирелъхь. Апхуэдэ у, Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щыщIэса эзаманым, лэжьыгъэ щIипIыкIэхэм кьыщIигъэтат адыгэхэм я мэкъумэш Iуэхур ефIакIуэу зэрыщытам, абыкIэ щIэныгъэшхуэ зэрабгъэдэлъам и щыхьэт хьыбарыр. Ар зытетуэхур Урысейм и мыIэрысэ хадэхэм льапсэрэхьэр мэкъуэзыхьа, Америкэм кьраха хьэпIащIэ гуэрым адыгэхэм кьагъэжьа пхъэщхьэмыщхъэ лIэужьыгIу зхэр кье лауэ зэрыщытарат. Кьыдзыжьа лъэпкым ирипагэ щIалэр кьыщIэ апхуэдэ хьыбархэм ихуэкIэ щыгу фIыкIыргъ и лъэп-къэгъуэр, кьыдеджэхэр щыгъуазэ ищIыгт. Ар щхьэщытхъугъэ т - кьым, атIэ лъэпкым кьыхэкIа дэтхэнэмэ апхуэдэ хьыбархэм гушхуэныгъэ кьызэрыхихьныр, я щхьэ ину зэрыригъэIыпынур кьыг урыIуэрт.

Мурад ИлахэР кьыдэрехьулIа и щIыкъэту, Барэсбий кьыдегъэкI тхьылъ бэлыхь, «Мылъкум ефIэкI хъугъуэфIыгъуэ» зыфIищар. Мы тхьылъыр лъэпкым и Iущагъым и купщIэ, лъэпкым хуиIэн хуеи лъагъуныгъэм и щагъэ хьэзырщ жьыпIэмэ, угъуэщэнукъым. Барэсбий лъагъуныгъэ лъэпкым хуиIар зэхуихьэсу, зы уэрэду хуиусам хуэдэщ. Мыпхуэдэ тхьылъ зытхьэфынур цIыхум, лъэпкым, гъащIэм зи гур хуэкIабгъэ щIалэщ, адыгэлI щыпкъэщ. Барэсбий апхуэдэт. Тхылъым и щхьэщIэдзапIэм дек, уэсят папщIэу, ар кьыдэгъэкIыным хуэзыгъэуша гупсысэхэр кьытринащ: «Адыгэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я жьэгу мафIэр Кавказ щIынальэм щызэхэзымыгъэжьыкъа ди щIэнанэжькъэм, зи лIэужьымрэ анэдэлъхубзэмрэ хэхэс гъащIэми эзфIимыгъэкIуэдыфа, нобэр кьыздэсым Адыгэ Хэкужьыр зи пльапIэ ди щыпхъу дахэхэмрэ ди кьуэш щыпкъэхэмрэ фэеплъ яхуэщI.

Уэзт папщIэ у тхылъыр къэзыгъэщэн щIэныгъэлI щэджащэм и псэм кьабзагъэу ильар IэдакъэщэкIыу льэпкым и пащхьэм ирилъхьащ. Хьэкъуным и щIэныгъэ уэсятыр кьагъэсбэрэ хьунущ бзэр, тхыдэр, ботаникэр, агрономиер, лъэпкым и щэнхабзэр, щIэнхабзэр зыгъэбагъуэр.

Хьэкъун Барэсбий

БЕМЫРЗЭ Зураб.

КЪШР

Апхуэдэщ Уэхъутэ Александр

«Хэкупсэ нэсщ» жаIэу щызэхэсхкIэ, лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэпсэуклауэ и лъахэми и лъахэгъуэхми сыткIи хуэпэжу къэгъуэгурыкIуа, лъэпкъым и тхыдэм зи цIэр фIыкIэ кьыхэна цIыху куэд си нэгум кьыщIоувэ. Ди лъэхъэнэгъуэхми мымащIэу яхэтщ хэкупсэ нэсми и щапхъэу зы лъэпкъым и гъуазэхэр, щадэгъуэлэр зыуцIихэр, кьэкIуэнум хуэлажьэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ адыгэ жылагъуэ лэжьакIуэ икIи псаущэ щIэныгъэ Александр. Ар кьыщалъхуари щыпсэуари Къэрэшей-Шэрджэсыращ, ауэ зэкъуэш республикиращи Урысейм адыгэ щIэныгъэ и адрей хэтэгъуэгъэмкI я мэзакъуэу, хамэ къэралхэми кьыщащIыху.

УФ-м ЦЫПСЭУ адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиеи и тхьэкIадэ Уэхъутэ Александр ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемэ хэтщ, Урысейм и меценат нэхъыфIхэм ящыщ зыщ, «Урысейм и цIыху пашъхьэхэр» дамыгъэ лъапIэр зэрехьа, апхуэдэ фIэщыгъэцIэм щIэт щIэнгъуазэ тхьылъми и цIэр иратхащ, зэрыжаIэу, и акъыпри, щIэныгъэри, мылъкури зыужгъалажьэр и Хэкумрэ лъэпкъымрэ я нобэмрэ я къэкIуэнымрэщ.

Александр ящыщщ дунейпсо адыгэ лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъеенагъэм щIэпэрытхэм. ЛъащIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм Урысей Федерацэм юстициэмкIэ и министру, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и апэ президенту щыта, хэкупсэ къэмыланджэжу дунеим тета Къалмыкъ Юрэ и гъусэу ар лажьащ, ДАХ-м и генеральнэ секретарь IэнатIэр ирихьэкIыж. Илъэс зыбжанэ дэкIа ижкъ, Уэхъутэ Александр УФ-м щыпсэу адыгэ-хэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономие кьызэригъэпэщащ икIи Iэмал нэхъыбэ иIэ хъуащ дуней псом щикъуэкIа и Iэдакъэ гъэсыным хуэгъэзэа Iэхъуфl куэд зэфIихыну, зыдэIэпыкъумрэ зыльэIэсымрэ я бжыгъэм зигъэхъэуну.

ДАХ-м и генеральнэ секретару щыщытам, 1997 гъэм Александр хэтащ ООН-м и 53-нэ Зэхыхьэшхэуэ Женевэ (Швейцарие) щекIуэкIам. Абы щыгъуэ Уэхъутэм дунейпсо утыку кIэрыкъэ зэрыгъэлъагъуэм гъэкIэ адэжь лъаэхэр зрагъэбгына адыгэхэм я щIэблэм яIэ гукъеуэгъэр. Хэкум (Урысей Федерацэм) щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэми я щIэнхабзэ лъапIэныгъэхэр зыхуэздэмрэ нобэ ахэр яфIэкIуэдыпэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэнымрэ тепсэлъыхьащ. Шэч хьэмэрыу абы щыгъуэ ящыщ зэрыщыIэнымрэ тепсэлъыхьащ. Шэч хьэмэрыу абы къыкIуащ адыгэхэм я макъыр дунейм псом зэрыщыгъэхахар, урыс пащтыхым иригъэкIыжа Шьобохьуэ Ларисэ лъэпкъэкIэкIуэду (генециду) зэрыщытар зэкIэ кьамылъытами, дунейпсо жылагъуэ зэхэщIыкIыр мыгувэу абы зэрынэсынымкIэ гуГъа-пIэхэр кьыдатащ.

Уэхъутэм и мылъкукIэ кьыдэкIуэу дунейм кьытехьащ тхылъэ документальнэ фильму зыкъом, хэкум кьэзыгъэзэжа куэдым ядэIэпыкъуащ зыхуэИ хуэзэу, я Iуэху зэтеублагъуэ лъаэхэм изгъэжьнымкIэ. КьыхэгъэщIапхъэ «Бесленей. Право на жизнь», «Одна родня», «Цветет земляника» документальнэ фильмхэр, адыгэ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэу Къуиикъуэ Налбий, Мэшбащ Iсхьэкъ сымэ ятехуа нэтынхэр, нэгъуэщI хэрэ тетхьэкIуэ-рекIуэхэм гукъынэж зэращыхьуар, а фильмхэм теухуа джэрпэджэж ин зэрыщыIар.

Зи цIэ кьитIуахэм я мызакъуэу, адыгэ, уэрстеркъэм хабзэм я лэжьакIуэ куэдым я зэфIэкIым кьэрал гулъытэ егъэгъуэтыныр, абыхэм щIыхьыцIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхуахъэфэщэнкIэ Александр и жэрдэмкIэ гумызагъагъэмрэ кьыпэкIуащ. Уэхъутэ Александр и фIыщIщ, псалъэм папщIэ, композитор цIэрыIуэхэу Нэхей Ахьмэдэ Тыкъуэ Къалпъэнрэ (Мейкъуапэ), уэрэджыIакIэ Мэремыкъуэ Хьусен (Налшык) КъШР-м и цIыхубз артист, художникхэу Хьэгъундокъуэ Мухьэмэдрэ (Черкесск) Бырсыр Абдулъхьэрэ (Мейкъуапэ) КъШР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Мызыкэ театрым и уэрэджыIакIэ Тышэ Алий (Налшык) КъШР-м щIыхь зиIэ и артист, «Бесленей. Право на жизнь» фильмым и режиссер нэхъыщIхэ Давыдов Вячеслав (Москва) КъШР-м и цIыхубз артист, «Мусульмане» программэм и унафэщI Антипов Василий (Москва) КъШР-м щIыхь зиIэ и артист, усакIуэ Шьобохьуэ Ларисэ (Черкесск) КъШР-м и щIыхьбэ усакIуэ цIэ лъапIэхэр кьызэрыфIащар.

Уэхъутэ Александр зи тхьэмадэ жылагъуэ Iуэхущ Iапэм кьызэригъэпэщ, иригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэхэм щыщу иджыри зы Iуэхугъуэ сыкъытеувыIэнут. Зи гугъу сщIыр Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиер и лъабжьэу нэгъабэ къэунэхуауэ щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэм щадэлажьэу Черкесск кьаго щыIэ центрыщ. Абы кьежьапIэ хуэзыгъэуар илъэс 40-м щIигъуэу Урысейм щыIэ «Айрекс» дунейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэрщ. ЩIалэгъуалэм я жэрдэмкIэ ядэIыгъынымкIэ зэгурыIуэныгъэ-тхэкIэ зэгухьэныгъэм и Iуэхугъэхьэхэм Кавказ Ищхьэрэм щыIэ республики 7-м щращыщIэ зэманым, КъШР-м Егъэджэныгъэмкэ и министерствэм абыхэм я Iуэхур зэрадищIэн зэфIэкI кьыщыкъуэмыкIым, а жэрдэмыр лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и пщэ дилъгъуэхэр кьыхуахъэфэщэнкIэ Александр и жэрдэмкIэ гумызагъагъэмрэ кьыпэкIуащ. Уэхъутэ Александр и фIыщIщ, псалъэм папщIэ, композитор цIэрыIуэхэу Нэхей Ахьмэдэ Тыкъуэ Къалпъэнрэ (Мейкъуапэ), уэрэджыIакIэ Мэремыкъуэ Хьусен (Налшык) КъШР-м и цIыхубз артист, художникхэу Хьэгъундокъуэ Мухьэмэдрэ (Черкесск) Бырсыр Абдулъхьэрэ (Мейкъуапэ) КъШР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Мызыкэ театрым и уэрэджыIакIэ Тышэ Алий (Налшык) КъШР-м щIыхь зиIэ и артист, «Бесленей. Право на жизнь» фильмым и режиссер нэхъыщIхэ Давыдов Вячеслав (Москва) КъШР-м и цIыхубз артист, «Мусульмане» программэм и унафэщI Антипов Василий (Москва) КъШР-м щIыхь зиIэ и артист, усакIуэ Шьобохьуэ Ларисэ (Черкесск) КъШР-м и щIыхьбэ усакIуэ цIэ лъапIэхэр кьызэрыфIащар.

Уэхъутэ Александр зи тхьэмадэ жылагъуэ Iуэхущ Iапэм кьызэригъэпэщ, иригъэкIуэкI лэжьыгъэ щхьэпэхэм щыщу иджыри зы Iуэхугъуэ сыкъытеувыIэнут. Зи гугъу сщIыр Урысей Федерацэм щыпсэу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и

Жэмыхъуэ Раисэ адыгэбзэкIэ иригъаджэ цыкIухэм яхэтщ.

Гумызагъэхэм ящыщ зы

● Щапхъэ

Адыгэ хабзэр ящIэу, нэмыс яхэлъ, анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу щIэблэр гъэсэным хуэлажьэ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэхэм ящыщщ Iуащхьэмахуэ куейм и ХьалащхьэТырныуэ дэт курыт школ №6-м щылажьэ Жэмыхъуэ Раисэ Бадыр и пхъур. Жэуаллныгъэ зыныбж а Iэнатlэм илъэс тIощIрэ тхум нэсауэ гурэ псэкIэ пэрытщ Жэмыхъуэр.

ЛЪэПКъЫМ и дежкIэ нэхьапэ щыIэ абы хуэфащэ щIыху бгъэсэн, егъэджэн нэхъыр? Апхуэдэ Iэнатlэщ Раисэ къыхихар. Зеикъуэ курыт еджапIэр фIы дыдэу кьИуха нэужь, куэд щIауэ псэм щигъафIэ, зыщIэхъуэпс егъэджакIуэ Iэщщагъэм хуеджэну Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ икIи екъуэлъеныгъэ иIэу ар къиуха нэужь, Тырныауэ бгыпIэ кьалэм и сабий гъэсапIэхэм ящыщ зым лэжьэн щыщIидзащ. Ауэ абы куэдрэ зыщIрагъэIэжьакъым: и лэжьэкIэм, бгъэдэлъ щIэныгъэ куум гу кьылъатэри, кьалэм дэт курыт школ-гимназием анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ирагъэфIагъащ. Абы лъандэрэ илъэс тIощIым щIигъащ. А зэманым къриубыдэу Жэмыхъуэр зыпэрыт егъэджэныгъэ Iэнатlэр иригъэфIакIуэу, абы щIэщыгъуэ куэд хилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Раисэрэ иригъаджэхэмрэ сыт щыгъуи жыджэру хэтщ школым, кьалэм, куейм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм япэу кьыхьыхьахэми ящыщщ Жэмыхъуэр.

- Абы щыгъуэм Раисэ иригъэкIуэкIа урок зэлухамрэ классщIэ лэжьыгъэмрэ къэпщытакIуэ гупми абы кьрихьэлIахэми куэдрэ Iэфiу ягу илъащ, - жеIэ КъБР-м и Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Iэщ Iагъэлl нэхъыщхьэ-эксперт Балэ Людмилэ. - Аха ретуухат илъэсищэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьрикIуэхэмрэ. Планхэмрэ сценарийхэмрэ дагъуэ хуумыщIыфIыну екIуу зэхихьэжат. ЕгъэджакIуэм и псалъэ зэпэщи, еджакIуэ цыкIухэм я теплъэри, Iуэхум ирихьэлIэу игъэхъэзыра гъэпсыныгъэ купщIафIри - псори удэзыхьэхт, щIэщыгъуэт. Хуабжьу гуапэ сщохьу Жэмыхъуэм хуэдэ егъэджакIуэ гумызагъэ адыгэ куэд дыдэ зыдэмыис а кьалэм зэрыгъэIэжьакъым: и лэжьэкIэм, бгъэдэлъ щIэныгъэ куум гу кьылъатэри, кьалэм дэт курыт школ-гимназием анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ирагъэфIагъащ. Абы лъандэрэ илъэс тIощIым щIигъащ. А зэманым къриубыдэу Жэмыхъуэр зыпэрыт егъэджэныгъэ Iэнатlэр иригъэфIакIуэу, абы щIэщыгъуэ куэд хилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Раисэрэ иригъаджэхэмрэ сыт щыгъуи жыджэру хэтщ школым, кьалэм, куейм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм япэу кьыхьыхьахэми ящыщщ Жэмыхъуэр.

- Абы щыгъуэм Раисэ иригъэкIуэкIа урок зэлухамрэ классщIэ лэжьыгъэмрэ къэпщытакIуэ гупми абы кьрихьэлIахэми куэдрэ Iэфiу ягу илъащ, - жеIэ КъБР-м и Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Iэщ Iагъэлl нэхъыщхьэ-эксперт Балэ Людмилэ. - Аха ретуухат илъэсищэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьрикIуэхэмрэ. Планхэмрэ сценарийхэмрэ дагъуэ хуумыщIыфIыну екIуу зэхихьэжат. ЕгъэджакIуэм и псалъэ зэпэщи, еджакIуэ цыкIухэм я теплъэри, Iуэхум ирихьэлIэу игъэхъэзыра гъэпсыныгъэ купщIафIри - псори удэзыхьэхт, щIэщыгъуэт. Хуабжьу гуапэ сщохьу Жэмыхъуэм хуэдэ егъэджакIуэ гумызагъэ адыгэ куэд дыдэ зыдэмыис а кьалэм зэрыгъэIэжьакъым: и лэжьэкIэм, бгъэдэлъ щIэныгъэ куум гу кьылъатэри, кьалэм дэт курыт школ-гимназием анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ирагъэфIагъащ. Абы лъандэрэ илъэс тIощIым щIигъащ. А зэманым къриубыдэу Жэмыхъуэр зыпэрыт егъэджэныгъэ Iэнатlэр иригъэфIакIуэу, абы щIэщыгъуэ куэд хилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Раисэрэ иригъаджэхэмрэ сыт щыгъуи жыджэру хэтщ школым, кьалэм, куейм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм япэу кьыхьыхьахэми ящыщщ Жэмыхъуэр.

- Абы щыгъуэм Раисэ иригъэкIуэкIа урок зэлухамрэ классщIэ лэжьыгъэмрэ къэпщытакIуэ гупми абы кьрихьэлIахэми куэдрэ Iэфiу ягу илъащ, - жеIэ КъБР-м и Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и Iэщ Iагъэлl нэхъыщхьэ-эксперт Балэ Людмилэ. - Аха ретуухат илъэсищэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьрикIуэхэмрэ. Планхэмрэ сценарийхэмрэ дагъуэ хуумыщIыфIыну екIуу зэхихьэжат. ЕгъэджакIуэм и псалъэ зэпэщи, еджакIуэ цыкIухэм я теплъэри, Iуэхум ирихьэлIэу игъэхъэзыра гъэпсыныгъэ купщIафIри - псори удэзыхьэхт, щIэщыгъуэт. Хуабжьу гуапэ сщохьу Жэмыхъуэм хуэдэ егъэджакIуэ гумызагъэ адыгэ куэд дыдэ зыдэмыис а кьалэм зэрыгъэIэжьакъым: и лэжьэкIэм, бгъэдэлъ щIэныгъэ куум гу кьылъатэри, кьалэм дэт курыт школ-гимназием анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ирагъэфIагъащ. Абы лъандэрэ илъэс тIощIым щIигъащ. А зэманым къриубыдэу Жэмыхъуэр зыпэрыт егъэджэныгъэ Iэнатlэр иригъэфIакIуэу, абы щIэщыгъуэ куэд хилъхьэу къогъуэгурыкIуэ. Раисэрэ иригъаджэхэмрэ сыт щыгъуи жыджэру хэтщ школым, кьалэм, куейм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхугъуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм. «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм япэу кьыхьыхьахэми ящыщщ Жэмыхъуэр.

- Адыгэбзэм, хабзэм, нэмысым хуэфащэ пщIэрэ лъытэныгъэрэ дэни щиIэну абы гугъэфI уегъэщI.

А зэпеуэм «Егъэджэныгъэм щигъэпIэгъуэ зэфIакI лъагэм, щIэблэр гъэсэным хуищI хэлъхьэныгъэщхьэм папщIэ» унэтIныигъэм Жэмыхъуэ Раисэ щытекIуащ, и лэжьэкIэфIми куэд щыгъуазэ хьащ. ЕгъэджакIуэ IэкlуэлъакIуэм и Iуэху зехьэкIэр, уеблэмэ гъэщIэгъуэн щыхьащ творческэ педагогикэмкIэ Урысей Академием и кьудамэм. Икли 2002 гъэм абы и зи чэзу зэIущIэм Жэмыхъуэр ирагъэблэгъащ. Абы лъандэри ар а академием и член-корреспондент щ, «ЕджапIэмрэ унагъуэмрэ» кьудамэм щекIуэкI кьэхутэныгъэхэм жыджэру холъжьыхь. Куэд щIакъым абы кьыпэкIуэ Iэфiу Iуащхьэмахуэ и унафэщI Рувинскм и Iэ щIэлъу ЩIыхь тхылъ кьыззрыхуагъэфащэрэ.

Жэмыхъуэр щылажьэ школым екIуалIэ мыадыгэ, мыбалъкъэр сабийхэми игъащIэ лъандэрэ мы щIыпIэм щыпсу лъэпкъитIым я зым я бзэр ядж. Апхуэдэхэми жыджэру Раисэ ядолажьэ икIи иригъэкIуэкI школ, кьалэ, кеи зэIущIэхэм я утыку кьрешэ зи анэдэлъхубзэм хуэдэу адыгэбзэр зыщIэ, ди лъэпкъ щэнхабзэм, литературэм фIыуэ щыгъуазэ мыадыгэ сабийхэр.

- Иджырей еджакIуэ цыкIухэр пэжырытхэм и хабзэ гъущIэхэмкIэ е литературэ тхылъым ихуа тхыгъэ къудейкIэ анэдэлъхубзэм пхудегъэхьэхынукъым. Абыхэм ящыщ дэтэнэми и псэ лъащIэм цIыхьэсын папщIэ, бгъэдылъхьэкIэ щхьэхуэ кьахуэгъэуэтыпхъэщ. Апхуэдэ хэкIыпIэхэм ящыщщ урок нэужь, классщIэ лэжьыгъэм зегъэубгъуныр, лъэпкъыбзэмрэ хабзэмрэ я мыхьэнэр щапхъэ мыкIуэдыжхэмкIэ зегъэбыдыпIэныр, - жеIэ Раисэ. - Си джекIэ псом нэхъри нэхъыщхьэр зэпэпкъым хуэфащ, щэ щIэблэ кьытщIэтэджэнырщ. ИтIанэщ ди хабзэри, нэмысри, ди бзэри, тхыдэри мыкIуэдыжу лэщIыгъуэкIэрэ кьыщIэхьэнур.

Жэмыхъуэ Раисэ Iуащхьэмахуэ куейм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIщ. ЕгъэджэныгъэмщIэуэ кьыхьыхьэ псоми набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ икIи и лэжьэгъуэхэр абыхэм щыгъуазэ ещI. Адыгэбзэм и пщIэр абы кьыщIэIт Iуащхьэмахуэ куейм кьыщIидзкI «Эльбрусские новости» район газетым и напэкIуэцIхэми - илъэс зыбжанэ хьуауэ абы ди бзэмкIэ напэкIуэцIыр щыгъэхьэзыр. Апхуэдэу мыззмыгIэу ар Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэмрэ радиомрэ кьыщагъэпсэлъащ, лъэпкъ Iуэхур, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум утыку кьрилъхьэу. Зи Iэщ Iагъэ мытыншым гурэ псэкIэ етауэ бгъэдэт бзылъхугъэм унагъуэ дахи иIэщ. И щхьэгъэуэ Хьэгъуэ Владимиррэ езымрэ щIалитIэ зэдапIащ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщ Iагъэ ирагъэгъуэтащ.

Уэунщагъэ, екъуIэныгъэ, насыпи и куэду, нобэ хуэдэу жыджэру иджыри илъэс куэдкIэ псэну ди гуапэщ Жэмыхъуэ Раисэ. Апхуэдэ егъэджакIуэхэращ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ яхэзылъхьэр.

КъАРДЭН Тамбий.
Iуащхьэмахуэ куей.

Щэнхабзэр зыгъэбжьыфIэхэр

Мулай Алихъан и хъуэпсапIэхэр

КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, «Щаджэм пскъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ гупым и балетмейстер, Щэджэм ЕтIуанэ и унафэщI Щэнхабзэмкlэ упщ и упафэщI Мулай Алихъан куэд щIащ щэнхабзэ утыкур зэригъэбжьыфIэрэ.

«Сэ СЫЗЫГЪЭПСЭУРИ, гурыфIыгъуэ къыззэытри ди лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьным телажьэ цIыхухэр зэрыщIэращ», - жеIэ Алихъан.

«Кабардинка» ансамблым илъэс 22-кIэ хэтащ Мулайр. Къэрал куэдым я щэнхабзэм, псэукIэм, цIыхухэм я дуней тетыкIэм щыгъуазэ хъуащ, ансамблым хэту дунейр кьызэхикIухьати. А илъэсхэм Алихъан ильэгъуар зэи игу ихужьнукъым.

Алихъан уэрэд жьIэнми дехьэх. 1992 гъэм абы Налшык къыщызэригъэпэщауэ щытащ «Щабзэ» ансамблыр. Абы хэтащ уэрэджыIакIуэ, артист щIэрыIуэхэу Кьужныжь Хьэждад, Нэхущ Чэрим, Лосэн Тимур, ГъукIэлI Исуф, Блашэ Владимир, Хьэщхьуэжь Анжелэ. Илъэс зыбжанэкIэ зэхэта гупыр мыльку зэрыхуэныкъуэм, дэIэпыкъуэгъуэ зэрамыгъуэтым кьыхэкIыу зэбгрыкIыжьын хуей хуэтати, Мулайм кьуажэм игъэзэжри щэнхабзэмрэ ди лъэпкъ хабзэмрэ хуэлажьэу щIидащ. Апэ щIыкIэ къуажэ курыт еджапIэм къафэмкIэ и гъэсакIуэу щытащ, иужькIэ Щэджэм ЕтIуанэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм ирагъэблагъащ. Абы кьуажэдэс щIалэгъуалэр гукъыдэж яIэу екIуалIэрт. Сабийхэм гъэсэныгъэ дахэ Мулайм и деж щагъуэтырти, адэ-анэхэри кьыхуэарэзыт. «Щэджэм пскъелъэхэр» гупым я балетмейстеру ирагъэблагъэу илъэсищкIэ зэдэлэжьа нэужь, ди кьэралым и лIыкIуэу ахэр щыIащ Голландием щекIуэкIа «Къафэмэ уэрэдымрэ зэрызэпэхар» фестивалым икIи саугъэт нэхъыщхьэр кьахьри кьэкIуэжащ. Илъэс тIощIым нэблагъэуэу Мулайр а ансамблым и унафэщIщ.

2004 гъэм Иорданием ирагъэблагъэри, ди лъэпкъэгъу щIалэгъуалэр кьафэм, адыгэ хабзэм хуигъасэу илъэситIкIэ щыIащ. Лъэпкъ щэнхабзэм дихьэх, абы зи гуащIэ езыхьэлIэ Мулайм хамэ къэралми ехъулIэныгъэ щызыIэригъэхьэну хуэзфIэкIащ.

- Джэрэщ илъэс кьэс щэнхабзэ фестиваль щокIуэкI. Иорданием сыщыкIуа илъэсым ныбжьыщIэхэр а фестивалым зэрыхэтыным хуэзгъэхьэзырын хуейт, - къытхуеIуэтэж Алихъан. - Клуб сызэгъэкIуам цIыхуэшхуэ къекIуалIэрт. Тхьамахуэм къыщIидаху тIву дьзэхуэзэрти, сыхьэтитхум нэс кьафэм, уэрэд жьIэным хуэзгъаэсрт. Апхуэдэу гурэ псэкIэ ныбжьыщIэхэм сазэрыбгъэдэтар гулъытэнщэу ясэнакъым. А зэманым Урысейм и Президентри я гъуэгу лIыкIуэ гуп Иорданым кIуати, абы и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхым си гъэсэнхэр ирагъблагъэри хэтащ. ИужькIи Иорданым и пащтыхым и щхьэгъуэсэм Франджым дишащ, ЮНЕСКО-м и дунейпсо симпозиуму абы щекIуэкIам дыхэтын папщIэ. Абыхэм нэмыщI, Амман и театрхэм ящыщ зым зыкъыщыдгъэльэгъуауэ щытащ. Абы кьрихьэлIат пащтыхьыкъуэри правительствэм и унафэщIри.

Иорданым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зыхуэзэм дыщыщIэлъупщIэм, Алихъан жиIащ ахэр зэрыхуущIэкъуэр хабзэр яхъуэмэну, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуауэ нэхъыбэ ящIэм зэрафIэфIыр.

Ищхьэкlэ къызэрыхэдгъэщащи, Мулай Алихъан «Щэджэм пскъелъэхэр» ансамблым зэритхьэмадэм нэмыщI, Щэджэм ЕтIуанэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIщ. А IэнатIэм щилэжьыну и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ щытепсэлъыхьым абы жиIащ:

- Къуажэдэс щIалэгъуалэр гъэсэным нэхъ къалэнышхуэ щылэкъым. Дауэ зэрыбгъэсэнур? Щэнхабзэмрэ спортымрэ я Iэмалхэр кьэдгъэсэбэну. КъафакIуэ гупищ диIэщ, ди жэрдэмкIэ кьызэдгъэпэщауэ. НыбжькIэ зэхэдзауэ, сабий 176-рэ кьоклуалIэ. Ахэр Щэнхабзэм и унэм къепщанIэнкIэ, дэжьыгъэм дебгъэхьэныр гугъуэ. УэрэджыIакIуэхэр 30-м щIегъуэ, ахэр щхьэхуэщ. Ди жагъуэ зэрыхуущи, пшынауэ, бэрэбэнауэ зэрыдгъэлдэжьэн мылъку диIэкъым. Гугъуэ, лъапIэщ фащэ ебгъэдынри. ДэIэпыкъуэгъу къытхуохьу ди администрацэм и унафэщI Ало Заур. Сыт хуэдэ Iуэху кьыдэжьа, мылъкукIэ къузащ, щэнхабзэм текIуэдэн хуейм хуэдизкIэ «и лъэр» хуэуэкъуэдийкъым. ИтIани, ар щхьэусыгъуэ тщIыуэ дэжьыгъэр зэпыдгъэу, щIалэгъуалэр уэрамым кьыдэдпэ хъунукъым. Аращи, тхуэзэфIэкI къэдгъанэркъым, - жеIэ Алихъан.

БАЦЭ ФатIима

«Кабардинка» ансамблым и къэфакIуэ Токъу Тосиэ Мулай Алихъанр. *1985 гъэ*



НЭХУЩ Чэрим:

Псори къыщежьэр адэ-анэм я дежщ

КъызыхэкIа лъэпкыр, къыщыхъуэ щынальэр фIыуэ зыплъагъу, къэзылъхуахэм пщIэ хуэзыщI, зи Iэ дакъыщIэкIхэм ахэр щызыгъэльапIэ уэсакIуэ-тхакIуэхэр, анэдэлъхубзэкIэ тха пьесэхэр зыгъэуэхэмрэ абыхэм щыджэгу артистхэмрэ, щыхубэм щхьэпэн зыщIэ дэтхэнэ зым хэкупсэ хужьпIэ хъунущ.

Кьанэ щIагъуэ щымыIэу уэрэду жиIэр адыгэбзэмэ, зэIущIэу зыхьухьэм кьызыхэкIа и лъэпкъыр щиIэтмэ, Iутыр адыгэпсэрэ Iурылыр адыгэбзэмэ-щэ? Апхуэдэхэм ящыщ зыщ ди гъыгъэ кIэщIым зи гугъу щытщIыну Нэхущ Чэрим - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цыхубэ уэрэджылакIуэр.

- Дапщэрэ утыку дыкьихьэми, ди бзэмрэ хабзэмрэ зэрызэкIун, зэрызэщIэувэн, зэрызэщIэжьыуэн Iуэху зыдохуэ. Си гугъэмкIэ, ар кьыдэпльхэмк кьыдэдаIуэхэми зыхащIэ, - кьыщIидзаци и псальэхэр Чэрим. - «СыкэхуепсэщжьыпIэу зыфIэпщыжкIэ, езым уэяхуигугъэжкIэ мащIэщ, апхуэдэу укъэзылытэн хуейр укъэзыщIэхэрщ. Си гугъэмкIэ, псори кьыщежьэр адэ-анэм дежщ. Пэжщ, гъащIэм ириудэкIыуэр, нитIэкIэ зыгуэрэхэм ужьхэхуэуэрэ эы Iуэху еплъыкIэ, зы лъагъуныгъэ гуэр къэушинкIэ мэ хуэ, ауэ нэхъыбэр, нэхъыфIыр, нэхъ дахэр къызыпхъыкIыр адэ-анэращ.

Псоми зэрыгъэщIэщи, Нэхущым нэхъыбэу игъэзащIэр адыгэ уэрэдщ. Мыращ абы теухуауэ артистым кьызжиIар:

- НэгъуэщI лъэпкъыбзэкIэ уэрэд жысIэкIэ си адэ-анэм, лъэпкым сещэжу араКъым, ауэ нэхъыфI дыдэу сызыхуэшрыуэ си анэдэлъхубзэр кьэзгъанэу нэгъуэщIкIэ дауэ жысIэн?! Ялынькъуэхэм деж нэгъуэщI лъэпкъми сегуэпарэт жьыззэзыгъэйи щыIащ, ауэ, си адэми зэрыжиIэу щытауэ, зейр зымыльагъужьым нэгъуэщIи хуэльагъунукъым.

Си щхьэкIэ кьеКIуэ кьызольытэ уэзэпсэльылIэ щIыхум газетджэхэм, радиом едаIуэхэм, телевизорым еплъхэм зэрызахуигъэзэну хуеймкIэ, и хьуэпсапIэхэмкIэ уеупщIыныр. Абы Iэмал имыIэу къунгъэщIэнущ уи псэльэгъум и гур зэрыгъур, и псэм фIэфIыр.

- «Хэку» псальэр сэ зэспхр сыкьызыхэкIа лъэпкъыр щ, - жеIэ Чэрим си гупсысэм кьыпищэу. - Уи лъэпкыр фIыуэ пльаГуным емыкIу хэлькъым. Абы щыгъуэщ нэгъуэщI лъэпкхэми гу апэу уащых ущытыфынур. Уэзгуры1уэмэ, пщIэ уи зэхуакIу дэльмэ, зэи хьэлэбэлыкъ кьэхьеинукъым. Ар япэрауэ. Етуанэрауэ, щхьэж хуэфIэкIкIэ и лъэпкым и сэбэп кьрезгъэку экIынт, хуПэкI езгъэщIэнт.

- Лъэпкым ехьэлIауэ, пхуэзэфIэкIатэмэ, сытыт нэхьыщхьэ дыдэу пщIэнур? - зыхуэзгъаэз Чэрим.

- Си кьару къыдэкIыну, сыпэ лъэщыну щытамэ, адыгэцIэ зиIэу, адыгэ эпъ зыщIэту, адыгэпсэ зыюту мы щыльэм тетыр зэрыщыту зы щIыпIэ щызэхуэсщэсыжынт.

Зытхыжар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Хэкэс псэукIэр зи натIэ хъуа хэкупсэхэр


Сирием щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI щIэрыIуэ
Сэмугъуу Iэмин
(1910-1953 гъэ.)

Нордан пшынауэ Iэзэ
Умар Iэбыдэ
(1928-1998 гъэ.)

Голланд щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI щIэрыIуэ, ДАХ-м и къызэрыгъэщIакIуэ
Хьэтыкъуэ Фатымэ

Сирием щыщ географ щIэрыIуэ, Дамаск университетым и профессор
Паш Адыл
(1933 гъ.)

Израильм щыщ щIэныгъэлI
Къарзэдж Iэсхьэд
(1945 гъ.)

ЩДАА-м и академик, Адыгейм къэзыгъэзэжа
Едыдж Батырай
(1946 гъ.)

Дыщэ губгъуэ

КIуащ БетIал и иужьрей усэхэм ящыщ зыр мыпхуэдэ псальэкIэ еух: «Лъахэ, узгъэплъакъуэм, сыщI хьэрэм, сыукI». И лъахэр зыпищI щыIакъым усакIуэм, абы ирипагъу, иригушху эу ихьащ и гъащIэр - ар кьыхощ усэ куэдым: «Къэбэрдей», «Хэку», «Си лъахэ», нэгъуэщIхэми.

ДУНЕЙМ тетыху, лъахэр щигъэпIэкъуа къэхъуакъым КIуащ БетIал, и кьарум кьихьыр хуилэжьащ и хэкум, и гъащIэр щхьэузыхь хуищIащ абы. Par жагъуэ зыхур, гум кьеуэр БетIал и гъащIэр пасэIуэу кьыззрытеункIыфIэжарщ - и кьару илъыгъуэу, ищIар фIэмащIэрэ нэхъыбэжьым хуэпабгъэу. Илъэс 37-рэш БетIал дунейм зэрытегар.

«ГъащIэр кIэщIми, дзищэ Iуткъэ - ар усакIуэм езым и щхьэкIэ зэригъэунэхуар зэхьэкIм-тIэукъым. Дзищэ зыIут гъащIэм и удын мащIэ кьыстехуакъым, и нэгу щIэкIащ абы и дыджри и хьэльэри. ЦIыху псэ махэр, гуащIэмащIэр егъэдзыхэ апхуэдэ гъащIэм, и щхьэр щIрегъэхьэ. Апхуэдэхэм ящыщакъым БетIал: гъащIэм и нэхъ дищIар зэшъчыфрыи кьарурэ гуащIэрэ, лIыгъэрэ цIыхугъэрэ хэльащ. Абы щыхьэт тохьуэ Хэку зэуэшхуэм и зэманым зэрихьа лIыхъужьыгъэр - къэбэрдей усакIуэм Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэ iапIэр кьыкIащым хуеIуэ ягъэльэгъуэуэ щытащ абы щхьэкIэ.

БетIал и кьалэмыпэм кьыщIэкIакъым уи гур зыщызыгъауэ, уи псэр зыгъэхьащ зы сатыри зы уси. Дунейм тетыху, ар зыхуэлэжьар и хэкумрэ и лъэпкъымрэщ, и хэкумрэ и лъэпкъымрэ я пщIэр лъагэ зэрыхьунщ ар и псэкIи, и щIэныгъэкIи, и IуэхущафэкIи зыщIэкъуар. ЩIэблэм мыпхуэдэ псальэкIэ ежьэгъащ усакIуэр:

Нэхульэрыуэ зышIзу
укъекIамэ,
Сэбэп хъуэпхъэр
унгу игъэль.
Пльэкl псор уи лъахэм
хуумыщIамэ,
УкIытэ; жэщ хьуам,
умыгъуэль.
УкIытэ, пльэкIыр
умыщIамэ, -
И фIыгъуэм гъащIэм
ухэнащ.
Куэдыщэ пщIауэ
кьыпфIэщIамэ,
УимыкIыу уи пIэм укьинащ.

А псальэр усакIуэм зыхужиIэр, псом япэраущ, езым и щхьэращ: БетIал зыкъызыфIэщIыж, зи напщIэм куэд тезыльхьэ усакIуэхэм ящыщкъым, ящIамрэ хуэзфIэкIамрэ фIэмащIэу ихьащ и гъащIэр. Ёзым и щхьэм ар тримыльхьами, нобэрей щIэблэр ирипагъ БетIал хуэдэ щыхуэзэрыхэтыным хуэзгъэхьэзырын хуейт, - къытхуеIуэтэж Алихъан. - Клуб сызэгъэкIуам цIыхуэшхуэ къекIуалIэрт. Тхьамахуэм къыщIидаху тIву дьзэхуэзэрти, сыхьэтитхум нэс кьафэм, уэрэд жьIэным хуэзгъаэсрт. Апхуэдэу гурэ псэкIэ ныбжьыщIэхэм сазэрыбгъэдэтар гулъытэнщэу ясэнакъым. А зэманым Урысейм и Президентри я гъуэгу лIыкIуэ гуп Иорданым кIуати, абы и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхым си гъэсэнхэр ирагъблагъэри хэтащ. ИужькIи Иорданым и пащтыхым и щхьэгъуэсэм Франджым дишащ, ЮНЕСКО-м и дунейпсо симпозиуму абы щекIуэкIам дыхэтын папщIэ. Абыхэм нэмыщI, Амман и театрхэм ящыщ зым зыкъыщыдгъэльэгъуауэ щытащ. Абы кьрихьэлIат пащтыхьыкъуэри правительствэм и унафэщIри.

Иорданым щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зыхуэзэм дыщыщIэлъупщIэм, Алихъан жиIащ ахэр зэрыхуущIэкъуэр хабзэр яхъуэмэну, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуауэ нэхъыбэ ящIэм зэрафIэфIыр.

ИщхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, Мулай Алихъан «Щэджэм пскъелъэхэр» ансамблым зэритхьэмадэм нэмыщI, Щэджэм ЕтIуанэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIщ. А IэнатIэм щилэжьыну и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ щытепсэлъыхьым абы жиIащ:

- Къуажэдэс щIалэгъуалэр гъэсэным нэхъ къалэнышхуэ щылэкъым. Дауэ зэрыбгъэсэнур? Щэнхабзэмрэ спортымрэ я Iэмалхэр кьэдгъэсэбэну. КъафакIуэ гупищ диIэщ, ди жэрдэмкIэ кьызэдгъэпэщауэ. НыбжькIэ зэхэдзауэ, сабий 176-рэ кьоклуалIэ. Ахэр Щэнхабзэм и унэм къепщанIэнкIэ, дэжьыгъэм дебгъэхьэныр гугъуэ. УэрэджыIакIуэхэр 30-м щIегъуэ, ахэр щхьэхуэщ. Ди жагъуэ зэрыхуущи, пшынауэ, бэрэбэнауэ зэрыдгъэлдэжьэн мылъку диIэкъым. Гугъуэ, лъапIэщ фащэ ebгъэдынри. ДэIэпыкъуэгъу къытхуохьу ди администрацэм и унафэщI Ало Заур. Сыт хуэдэ Iуэху кьыдэжьа, мылъкукIэ къузащ, щэнхабзэм текIуэдэн хуейм хуэдизкIэ «и лъэр» хуэуэкъуэдийкъым. ИтIани, ар щхьэусыгъуэ тщIыуэ дэжьыгъэр зэпыдгъэу, щIалэгъуалэр уэрамым кьыдэдпэ хъунукъым. Аращи, тхуэзэфIэкI къэдгъанэркъым, - жеIэ Алихъан.

БАЦЭ ФатIима

Къэбэрдей

Си хэкууэ дыщэ губгъуэ,
Къэхьугъэм и епэр,
Кавказым щынэхъ фIыгъуэ,
Дохьэхыр птеплъэ нэр!

Лъэгъупуэ из мазагъуэр
Къыщоблэр уи щхьэщыгу,
Нарт-Санэ хущхьэу дэгъуэр
КъыщIож уи Есэнтlыгу.

Акъужьыр альп сэхьауэ,
Уи ныдж эм щопIейтей,
Псы Iэлхэр Iэсэ пщIауэ,
Турбинэхэр пчъагъэхьей.

Пшэ уанэу Iуащхьэмахуэ
Пльыр сакьыу кьыпщхьэщытщ,
Ауэхэм щыIэрахуэ
Iэщ бжьыгъэр вагъуэ лъытщ.

ТепльафIэу мывэ гъуэгухэм
Уи губгъуэр эрахъащ,
КIыфIыгъэр щIыпIэ дэгухэм
ДыгъэщIэм щхьэщитхъащ.

ЖьакIацэу щхьэмыж уэрхэр
Хы щхьэфэну мэбырыб,
Толькъуэнхэр, кьыр кьэзэрхэр
Убэзэнш э уощI Iэрыпl.

Кьунанхэм пшагъуэ гуартэу
Бгы щхьуантIэхэр яхьуэкIу,
Аксыпкlэ щIыр бгъабатэу
Жэщ-махуэм уопэкIу.

Бэвыгъэкlэ си хэкум
Зыгуэр зытебгъэкIуэн!
Имыlэу зэи бжьыхьэкум
Кьинакъым уи щIым гуэн!

Кьыр таж утеуIуамэ,
Зэхохыр дыщэ макъ,
Ауэхэм щыбэщ мрамор,
Щогъуэтыр домбеякъ.

Зэтетуэ унэ инхэм
Дэнджеж зыщIэIэт,
ЩольапIэр гуфIэ блынхэм
Ухуакlуэм и сурэт.

Хуэдэншэу уи шу жэрхэм,
Зырачмэ, пшэм йопыдж,
Нарт лъэпкъыу уилI жыджэрхэм
Тхьэlухудхэр къагъэудж.

Уи цIыхухэр фIыщIэ хэлъуэ
Лэжьыгъэм гугъу дохьыф,
Уэрэдкlэ зэрыльэлъуэ
Гуфlэгъуэм зэхотыф.

СщIэ псохэри щIэщыгъуэ
Щысщохьур сэ уи дей,
УзиIэщ – сымыфIыгъуэ!
Уи фIэщ щIы, Къэбэрдей!

УзиIэу уэ си хэкур,
Къэс лъыхьуэркъым жэнэт,
Iуащхьитым я зэхуакур
Бгъуэтынкъым кьызыхуэт.

Си хэкууэ дыщэ губгъуэ,
ГъащIэщIэм и епэр!
Кавказым и щIы фIыгъуэ,
Уи теплъэм Iэфl ещI псэр!

Москва, 1947 гъэ

Гу къабзэр зэманы и щIэгъэстэнщ

КъШР

Илъэсхэр кьыттосэ бжьыхьэкIэ жэпу, ди гукъэкIыжхэр кьонэрти, щыху щыкIур зэгуэрым до жэщыжь. ГъащIэр зэман мыхьэнэнщэщ, зы зэпIэкIыгъуэщ, зы напIэ зэтегъэуэгъуэщ. ПщIэну узыхунэсыр щIэну кьышкIэлъэнэ, узыхущIэмыхьар - узрымщэу махуэ кьэкIуэнум гугъэ уахътышэщ иретыж.

ПХЪЭШ Муэед Назир и къуэр...

Журналист, усакIуэ, адыгэлI щыпкъэ. Зигурэ зи псэрэ зи лъэпкъым, щIыхум тын яхуэзышIа, зи гуащIэр, псалъэхэр бэм я гум кьина Муэед. Хэт абы и тхыгъэ хэм кIэрымысар - нобэ мы щIалэм нэIуасэ дызыхуищIынур хэт, сыт хуэдэ Iуэху зыпсалэлъхьынур, жаIэу. Нобэ хэзгъэпсэкIыжмэ, кьыгъэхьажьым Муэедри, и тхыгъэ хъэлэмэхэм щьыдигъэщIыжуахэм я нэхъыбэри. Ахэри, езы Муэед хуэдэу, псэ хьэлэт, гу пщIанэт, лъэпкъыгу зыкIуэщIыльт. Мы дуней зэхэ тхъуам куэдым ямыхъумэф щIыхугъэр, нэмысыр, хабзэр, щIагъуныгъэр зи псэм хэлъу псэуахэм я фэепIэ уэрэдщ. ЩIыхуэхэм яхунтха уэрэдхэми ещхьи и фэепIэ мыкIуэдыжьхи хэлъу кьыщIэкIащ.

Уи бамIэгъэуэр пщIхэщыщыхьым абы и Iыхьэ езым кьыльтос. Щыхуэхэм закъримыгъащIэ щхьэкIэ, абыхэм я гуузри езым и гуузт, абыхэм я гукъеуэрэр езым и гукъеуэт. Ауэ уи щхьэр зэныкъуэ ебгъэзу, щIыхуэхэм ящIэгугупсыгу, уи гъащIэ Iыхьэкlэ хахуэпсэуи, зэман ерум и курыкупсэм таурыкъ папщIэу я пащхьэм уи псалъэр иплъхьэн папщIэ, дуней хъуренжь зэ хэхъуам нэхъыр нэхъ иныжу гу уиIэн хуейщ. МуIэед лъэпкъыгут. ГъащIэм и пэжагъырт

МуIэед ди пащхьэм кьриплъхьэр, щIыхум и дахагъэрт зыкьуэрыгъэ.

«Фи пшыхь ебыуэ, Алыхьым и нэфI зыщIыхуэн си лъэпкъэгъу лъапIэхэ!» - мы псалъэхэр ПхъэшI МуIэед и тыгъэхэм я пэщIэдзэ кьудейтэжьым, атIэ и гъащIэ псом щигъэпэж псальэт.

ГъащIэм и гупсысэ уахътыншэм дихьэха щIыхупсэм кьигъащIэр зы тэлай кьыщохьу, иришэжьа гупсысэм и кIэм нэмысынкIэ шынэм хуэдэу, и гъащIэм щымыс-хьыжьр ирокъэ. Апхуэдэт МуIэед, Абы и лъэужьыр и Iухъухэмкlэ, ар дуней тетыкIэмкIэ нэрылъагъут. Зи ужь ита гупсысэм и кьуэпсхэр и нэтынхэм кьыщигъэпэгъуэ щIыху къэс я гъащIэм кьыхощыж. ЕгъэджакIуэхэр, усакIуэхэр, гуащIэдэкI лэжьакIуэхэр, лIыжь тхъуахэм щыщIэдзауэ пъуэтауэ теува къудей щIа ящIэкIэм я деж щыщIэкIыжу, ныбжькIэ зэтемыхуэ щIыхуэхэм я гъащIэм МуIэед хиIьагъэрт щIэблэхэм зэIэпах гупсысэр. Пхъэшьм щIыхуэм и псэ кьабзагъэм и къэжьапIэр кьитпъэгъуэфырт, гъащIэ бэвагъэ кьезытуи нIэ кьудамэхэр наIуэ ищIырт.

Зэман блэкIам щIыгъуу, щIыху гъащIэри хъэршьм хехьэж, ди гукъэкIыжхэращ гухэлъ кIэкьынэ хъур. Абыхэми гъащIэу яIэр дэ дыпсэухущ. Пъуэжь зэблэдзу щIыхум кьакIэтыпынэр я Iуэхуэрщ, я щIыхьырщ, я бынхэрщ.



УсакIуэ, журналист Пкъэш МуIэед.

МуIэед телевиденэм щIэ зэман хэхам щIыхухэм зытраГъахуэрт, абы и нэтынхэр дагъэкур тэкIым. Абы и лжьыгъэм и хьер щIыхуэхэм ятынгъэсыфащ, пщIэрэ щIыхьрэ щигъэзэщ, и быным я Iэфыгъэ мащIэми ядмытащуащ. Абы и пасыпI къымыкьар зыщ - гъащIэр лIыфIыгъэкIэ зэрамыгъэшырщ.

Журналист Iэзэм кьыщIэнар и телевизионнэ нэтынхэм, и тхыгъэ хэм я зэкьуам, усэ бэлыхьхэри щIэнну кьыгъхуиГъэнащ. И усэхэм я нэхъыбэр нэщхьейщ, Iэпкъым, щIыхуэм и гур зэрахуэзэрыр хыбольагъэу. МуIэед итхаХэр усэкьым - уэрэдхьэзырщ. А уэрэдхэм езым и фэепIэ мыкIуэдыжьи хэлъу кьыщIэкIащ.

Езы щIыхуэхэм я дахагъэр щащIэмыIуэхуж зэман хьэлъэм гукъыдэжкIэ кьэпIэтыжу, щIыхугъэм, фIым, дахагъэм утепсэлъэхьыныр гугъуц. Ар уи гур кьихауэ умыщIэмэ, щIыхум фэрыщIыгъэр зыхащIэщIу. Ауэ уи гум, уи гъащIэм щыщ Iыхьэ хэпIхьэмэ, зыхащIэнуц, махуэ уфам дыгъэ бзий хуабэм зэрыхуэныкъуэм хуэдэу дзуи кьыппэплъэнущ. МуIэед и лжьыгъэм хилъхьа и гу хуабагъыщц, гъащIэ Iыхьэрщ езым и щхьэкIэ хуримыкъужар...

ЩIыхум ятебгуэша уи гу хуабагъэр, гупсысэ гъэтхар гъащIэм кьуитыжьынукъым. Ар къэзымыгъэзэж тынщ, из мыхъужьыну икIуатщ. ИкIи ар МуIэед имыщIэу аратэкIыжьыр, ауэ ар и щхьэусыгъуэ, и зы махуи щэчи кьытрихьэжакъым, зэпIэпкIыжакъым. ГъащIэ кIэщI зэрыкъунур ящIэ хуэдэ, и дэтхэнэрей махуэри щIыхум, лъэпкъым яхунусащ.

...УмыщI сэр щхьэкIэ уи дунейр нэщхьей, -

Къэхъеижьнущ сызыхьыну узыр...

БЕМЫРЗЭ Зураб.

Зэхэт номерыр патриотизмэм, патриотхэм яхьылIэгъэщт заIом, зэкIэм сшъхьэ кьихьагъэр КIэрмыт Мухьдин ары. Ипльсыбзэкьуэу ар 2-м и Къэралыгъо Совет - Хасэм идепутат, мылькуКIэ тхьамыкIэп, ау кьылгъжьыгъэр дзыом рилъхьи тетIысхьагъэу щысэр, ипсалъэ фигъэкIощIу, щIыхьасырэп, щIыф Iуш, кьыщоштыр ешIэ, тэрэзэу ыпльтэу кьыщорэ гущIэм демыгъэштэн пльэкIырэп, депутатыгъэр чIинэзым темышыныхьэу ежь щIотэрэзэр кьы-Iоу бзэрэ кьыхжIы, нахь тхьагъэпщIыхэр е нахь къэрабгъэхэр ащ кьыщоштым ежэхэу бэрэ кьыхэжIы.

ОхътакIэм къытигъэ щIыф

АР

КIэрмыт Мухьдин *(нжьымкIэ)* Израильм щохьэщIэ.

МУХЬДИНЭ ищыкIагъэмэ, кьаигъагъэ, пытагъэ кьызыхеГабфэ, арышь, щIыфмэ аIоу зэхэпхьщт «мыр щIыкIу, ау лъабжьэ». Джары сигерой сэ зэрэслъэгъуурэр.

Джы зы упчIэ иджэуап тылъыхьун - хэта патриотыр? «Сэ сыадыгэшь, сэщ фэдэ щIыпIэ, сэ сыадыгъэ щIыкъэ, адрэхэр адыгэ щIыпкIэхэм яIоу ыбгъэ еожьыгэр ара? Хьаумэ кьыгъотыгъэ мылькумкIэ кьэлэ чыжьэм унэ-эр щIэзыщэфхьэу, непэ ыгъотыгъэр щIомакIэу, чэщи мафи кьызыхитхьыщтым пыльэ у, ищыкIагъэ зыхьхьIэ, «тыадыгэба, зыкьо» ыIозэ щIыхьэ ящIоф зезыфэрэр ара?

Гушыысэр чыжьэу лъыбгъэкIотэн пльэкIыщт. Ау апэрэми, ятIонэрэми ащымыщэу, ичIыпу, ильэпкъ шу ильэзэгъу кьодыеу щымыт эу, а Іофым зимыльку хэзыльхьэу, мыпшьыжьэу льэпкъ Іофым фэлажьэрэр ары, сэ сишIошIыкIэ, патриотыр. Ащ фэдэ КIэрмыт Мухьдинэ.

Ау уичIыгужъ уимысэуи уилъэпкъ уфэгумэкIын, урипатриотын пльэкIыщт. АщкIэ щыслэшIоу щытых Уджьхэу Ихьсан, Джыхьан Джантэмыр, Натхэо Кьэдыр, Нэгъой Ешар ыкIи нэмыкI кIалэхэу Іэкьыбхэм арысхэр.

Патриотым кьыкIырэр зэхэтфыгъэ, джы Мухьдинэ кьыфэрэзэжьыным. Ар охьтакIэм кьытигъэ щIыф. 1983-рэ ильэсым Краснодар дэт мэжьымэщ институтым псэольэшыныжкIэ ифакультет кьыгъэхи. Инэм колхозэу «Друж-эм» Іофшlэныр щыригъэжьаГъ. Зы илъэпкъ эр щыIэжьаГъэу комсомолым ирайком секретарэу ащэжьы. ЕтIанэ партием ираЙком идеологиемкIэ секретарэу рагъэблагъэ. ЩIыфкэр зэхэщэн, гъэдэIон Іофымкlэ комсомолри партиери ареты. «Школ» дэгъу фэхьугъэ», ахэм ямэхьанэ непэ тэгъэщIыкIуми, пэщэн Іофым нахь фэIэзагъэх.

Системэр кьыщэхэтакъуи, зэхъокIыныгъэу хэгъэгум щыкIуагъэм цIыфыбэ риутэкIыгъ, ащ ихьэр кьыкIэмыкIыжьышъ угъэхэри кьэхъу-гъэх. Ау Мухьдинэ псынкIэу кьыгуриуIуагъ ор-орэу пшъхьэ пIыгъыжьыН зэрэфаер. Іофшlапlэкэр зыззэхэзыхэм, сатыур ары урыщыIэнэу я лъэхъаным кьэнэгъагъэр. КIалэм ащ зыфигъэзагъ. Непэ Мухьдинэ ифирмэу «Нэфкlэ» зэджагъэм тучан пчъагъэ кьыхеубытэ, ахэм нэбгыри 100-м ехьумэ Іофэ ащашIэ. Адрэ «сыадыгъ зыІорэмэ афэмыдзэу, имылъку хилъхьэзэ адыгэ Іофым ар фэлажьэ. Ащ ишыхьат кIэлэцIыкIу коллективзу зэхэщIи, «Нэф» зыфиуIэсыгъэр. КIалэм ар зыщIэзыгъэ ІофшIэм ящыщ. Ар ильэпкъым ипсэолъэшыныжкIэ ифакультет ихьэзыгъ. Ащ